

# Lekòl Piblik Bridgeport Kòd Konpòtman Elèv Manyèl Referans



***“Lekòl Piblik Bridgeport yo gen pou angajman pou founi atant pataje ki klè ak eksplisit pou kreye yon anviwonman travay ak aprantisay ki seki pou tout manm kominote a.”***

**2013 - 2014**

**“ Konsèy Edikasyon Bridgeprt gen pou lwa pou li pa diskrimine sou baz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, estati marital, relijyon, laj, orijin nasyonal, zansèt, andikap, malady mantal oswa retadasyon mantal, nan nenpòt pwogram edikasyon, aktivite oswa règ anplwaman.”**

Kathleen Jaeger  
Direktè Egzekitif Enterimè Resous Imèn  
Lekòl Piblik Bridgeport  
45 Lyon Terrace –Room 310  
Bridgeport, CT 06604  
203-275-1042

## Tab Matyè

Rezime Politik Distri a sou Konpòtman	5
PBIS ak Prensip gidans pou Jistis Restoratif	5
Pwosedi pou pwoteksyon	8
Tablo Dwa ak Responsabilite	11
Pwosedi Disiplinè	13
Politik Prezans	14
Pwosedi Obsèvasyon Prezans ak Entèvasyon	18
Politik Entimidasyon	21
Politik Brimad	23
Règleman sou Rezo/ Entènèt/ Mesaj elektwonik	25
Règleman sou Asèlman Seksyèl elèv/anplwaye	27
Politik Inifòm	30
Pwosesis Apèl Kont	32
Avètisman Anyèl dwa parantal an rapò ak Dosye Lekòl anba FERPA	34
Kontinyòm Konpòtman, konsekans ak entèvasyon	37
Ofans Disiplinè ak Penalite	
• Tip I/ Minè Ofans Disiplinè	38
• Tip I/ Minè Konsekans ak Entèvasyon	42
• Tip II/ Majè Ofans Disiplinè	44
• Tip II/ Majè Konsekans ak Entèvasyon	48
• Tip III/ Distri Ofans Disiplinè	51
• Tip III/ Distri Konsekans ak Entèvasyon	53
Pwosedi pou Ekspilsyon	54
Ofans Dwòg ak Zam	54
Konsèvasyon Dosye	54

Apendis A	Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif	55
Apendis B	Jistis Restoratif	57
Apendis C	Tablo Ofans Disiplinè ak Penalite	58
Apendis D	Glosè Tèm	64
Apendis E	Memorandòm Akò	69
Apendis F	Konfimasyon Resepsyon	73

## Rezime Politik Distri a sou Konpòtman

Sistèm Lekòl Piblik Bridgeport la gen pou objektif pou li bay yon anviwonman edikasyon ki pozitif pou chak grenn elèv. Kòd Konpòtman Elèv la dwe aplike nan yon jan ki jis ak ekitab, yon jan ki konsyan dwa elèv yo ansanm ak entèrè sekirite ak edikatif lekòl la. Kòd Konpòtman elèv la pap tolere konpòtman ki mete sekirite lekòl yo an danje ak/oswa gate eksperyans edikatif la pou lòt elèv ak rekonesans elèv ki nan klas diferan ak ki pa menm laj gen nivo devlopman kip a menm, kidonk konpòtman yo ap diferan e ka mande entèvansyon ak konsekans ki diferan. Nan detèmine nivo entèvansyon ak konsekans ki apwopriye, anplis lòt sikonstans atenyan, ofisyèl lekòl yo dwe konsidere klas ak laj elèv yo.

Politik disiplin ki efektif pwomouvwa repons disiplinè ki anpeche intèripsyon edikasyon yon elèv jan sa posib. Lekòl yo dwe minimize itilizasyon sipansyon an deyò lekòl, referans pou ekspliyon ak referans lapolis, jan yo kapab. Note sèl enstans ki ekszije yon referans bay lapolis relete nan Memorandòm Akò (MOA)-Wè Apendis E.

Lekòl Piblik Bridgeport yo ak Depatman Polis Bridgeport la siyen yon MOA ki adrese pwosedi yo lè yo arete jèn ki sipòte apwòch jistis restoratif la. Objektif primòdyal la se pou elwanye jèn timoun de sistèm tribinal jivenil la pou dirije yo bay sèvis ak sipò epi arete yo sèlman nan ka ki pi grav yo.

### **Prensip ak Baz: PBIS ak Jistis Restoratif**

Kòd Konpòtman Elèv la reprezante tout prensip ak baz Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBIS) ak jistis restoratif. PBIS la se yon sistèm apwòch pou discipline pwoblèm e li baze sou prevansyon, enstriksyon sou kapasite sosyal ak desizyon ki enrejistre pou diminye pwoblèm konpòtman et ogmante pèfòmans akademik. An konsistans ak Modèl Entèvansyon Rechèch Syantifik la (SRBI), PBIS gen kòm karakteristik etablisman yon kontinyòm pratik ak sistèm sipò pou konpòtman. Pratik sila yo fèt pou sipòte elèv yo nan plizyè kad: (a) nan tout lekòl (sa vle di aprann ak rekonèt yon ti kras atant pou konpòtman pozitif, definisyon ki klè ak presi sou violasyon règleman ak règleman ki baze sou desizyon, (b) an deyò saldeklas (sa vle di sipèvizyon aktif, rapè, woutin ki spesifik ak kad enstriksyon), (c) saldeklas (sa vle di enstriksyon akademik spesifik, sipèvizyon aktif, nivo lwanj ki wo), epi (d) woutinn elèv endividyèl (sa vle di fonksyon entèvansyon sipò pou konpòtman, enstriksyon kapasite sosyal, pwosedi antouraj).

Lè elèv yo demontre konpòtman ki pozitif nan siiv atant tout leko yo, yon sistèm rekonesans a'p itilize pou sipòte itilizasyon kapasite yo. Lè yo demontre konpòtman ki pa apwopriye, konsekans yo ka enkli: rapèl vèbal, aprantisaj

atant pou tout lekòl yo, kontak ak paran oswa gadyen yo, refleksyon alekri, sèvis volontarya nan kominote lekòl la, strateji jistis restoratif, medyasyon/rezolisyon konfli, mentò, eksklizyon privilèj lekòl, referans bay sèvis sipò tankou Konsèy Revizyon Jivenil (JRB), referans bay konsèy Revizyon Jivenil RYASAP la, ak/oswa sispanasyon oswa ekspilasyon. Elèv ki fè fas ak konsekans sa yo, dwe gen opòtinite pou resevwa rekonesans lè yo demontre konpòtman ki apwopriye.

Jistis Restoratif se yon jan pou panse ak reponn konfli ak pwoble ki enplike pou tout patisipan detèmine sa'k rive ak jan pou kreye rezolisyon ki lojik ansanm ak balanse an aliman ak règleman lalwa. Strateji Jistis Restoratif yo se entèvansyon pou rezoud pwoblèm ki fèt "ak" ofansè a. Yo soti nan lajistis jan sa posib e yo fokis sou mal ki koze ak jan sa ka ranje. Yon strateji jistis restoratif ak siksè ka itilize kolaborasyon nan entèvansyon ak ajans ak pwofesyon ki alye. Ekszanp pratik jistis restoratif ka enkli: konferans ak gwoup fanmi; medyasyon ant viktim ak ofansè; sèk lapè nan saldeklas; reparasyon zak mal; strateji terapi/resous tankou sante mantal ak manajman raj; ak antrènman konpòtman.

An konsistans ak PBIS ak Jistis Restoratif, se kwayans nou ke pi bon jan pou chanje konpòtman yon elèv se pou ranfòse ak maksimize konpòtman apwopriye. Note konsekans ki ansanm ak gidans ak enstriksyon ki gen sans (fidbak korektif ak aprantisaj) ofri elèv yo yon opòtinite pou aprann de erè yo ak kontribye bay kominote a.

Nou rekonèt chak elèv se yon endividi inik e chak sitiyasyon ki mande aksyon disiplinè gen sikonstans ekstenyan pa yo. Tout faktè ki ka afekte konpòtman elèv la ap konsidere avan disiplin detèmine. Elèv ki konpòte yo mal ap resevwa konsekans apwopriye pou devlopman. Pou yo elèk ak edikasyon espesyal oswa bezwen ki relye ak andikap, tout apwòch a'p konsistan ak Plan Edikasyon Endividyalize (IEP) oswa Plan Akomodasyon Elèv 504 ak abilitè li demontre e a'p pran an kont bezwe ak kapasite inik li yo.

### **Aplikasyon Kòd Konpòtman an**

Chak elèv dwe swiv tout règ Kòd Konpòtman elèv la anvan, pandan ak apre lekòl. Kòd la aplike bay elèv sou pwopriyete lekòl yo, nan aktivite ki relye ak lekòl yo sou oswa andeyò pwopriyete lekòl yo. Elèv yo dwe swiv règ sa yo lè y'ap tann transpò oswa lè y'ap vwayaje nan yon bis lekòl oswa lòt fòm transpò lekòl yo founi an wout pou oswa sot lekòl la oswa yon aktivite lekòl la patwone. Kòd la aplike tou a elèv ki andeyò pwopriyete lekòl yo e andeyò lè lekòl lè konpòtman vyole politik Konsèy Edikasyon a pibliye e retou elèv ki komèt ofans la t'ap kontribye a yon efè twoub nan lekòl la ak pwosesis edikatif li. Zak sa yo dwe gen nati serye, tankou ofans zam danjere, ofans dwòg oswa krim ki vinn ak konpòtman vyolan tanko volè oswa ofans seksyèl.

Siksè disiplinn lekòl la depann sou responsabilite pataje pami kay, lekòl ak kominote. Paran/Gadyen ak manm kominote a dwe familye e konprann Kòd Konpòtman Elèv.

## Pwosedì pou pwoteksyon

Elèv ki idantifye ak andikap anba IDEA ak/oswa Sesksyon 504 Zak Reabilitasyon ki gen konpòtman ki vyole nenpòt règleman oubyen Kòd Konpòtman distri lekòl la, ka disipline pa sispansyon, transfè nan yon anviwonman edikasyon altènatif pwovizwa oswa yon lòt anviwonman, oswa ekspilsyon; aksyon disiplinè sa a ka aplike tou pou elèv ki pa gen andikap ak stipilasyon kap siv yo:

- Yon elèv ak andikap pa ka ranvwaye pou plis pase di (10) jou pa ane lekòl, san distri a pa kondi yon revizyon oswa yon devlopman pou yon Plan entèvansyon pou Konpòtman (BIP). Nan ka yon referans pou ekspilsyon, oubyen yon sispansyon pou plis pase 10 jou lekòl pa ane lekòl, distri a dwe òganize ak PPT a nan 10 jou apre rekonmandasyon pou disiplin sa a fèt, pou revize relasyon ant andikap elèv la ak konpòtman ki mennen rekonmandasyon pou disiplin sa a, epi pou detèmine si konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap li. Nan pwosesis revizyon manifestasyon a, yon elèv ka ranvwaye pou jiska 10 jou lekòl. Sispansyon (jou) ki vinn apre dwe sipèvize pa administratè batiman a pou ka asire nonm jou total la pa konstitiye yon chanjman nan plasman.
- Si tout manm manifestasyon revizyon PPT konkli konpòtman elèv la pa't yon manifestasyon andikap elèv la, distri a ka kontinye ak ekspilsyon oswa sispansyon ki te refere a pou plis pase 10 jou, nan tout ekstansyon yon elèv san andikap ta sijè anba disiplin sa a. A
- Nan nenpòt sikonstan sa yo, Konsèy Edikasyon a dwe kontinye founi elèv ak andikap yo yon edikasyon piblik apwopriye. Pandan nenpòt peryòd sispansyon ki plis pase 10 jou nan yon ane lekòl, yon elèv ak andikap anba IDEA dwe resevwa yon plan edikasyon altènatif an akò ak IEP modifiye pa PPT a nan ka eksklizyon elèv. Tout jan, si paran yo pa dakò ak rezilta ke konpòtman elèv la pat on manifestasyon, paran yo gen dwa pouswiv yon odyans manifestasyon pa Depatman Edikasyon Eta a.
- Si PPT a detèmine konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap elèv la, distri a pa dwe kontinye ak referans pou ekspilsyon oswa sispansyon pou plis pase 10 jou, dwe konsidere move konpòtman a epi revize Plan Entèvansyon pou Konpòtman IEP a pou evite menm move konpòtman a repete e pou founi elèv ansanm ak anplwaye yo sekirite. Si IEP a pa enkli yon Plan Entèvansyon pou Konpòtman, PPT a dwe fè yon Eksaminasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA) e devlope yon plan pou adrese konpòtman ki te fòse aksyon disiplinè a. Lè yon aksyon



disiplinè kontanple, ki t'ap rive nan yon penalite ki pa adrese pa Plan Entèvasyon pou Konpòtman an, paran yo dwe konn desizyon pou pran aksyon disiplinè jou desizyon a fèt e dwe resevwa avètisman pou tout pwosedi sekirite pou edikasyon espesyal.

- Dosye edikasyon espesyal ak disiplin elèv la dwe transmèt bay endividi ki pral fè detèminasyon final sou rekonmandasyon pou eksklizyon pou plis pase 10 jou pa ane lekòl.
- Nan ka posesyon zam danjere oswa dwòg illegal, oswa izaj, vant oubyen solisasyon pou vant sibstans kontwole sou pwopriete lekòl oubyen nan yon aktivite lekòl la patwone, elèv la ka plase nan yon anviwonman edikasyon altènatif pwovizwa pou jiska 45 jou kalandriye, menm si konpòtman an te yon manifestasyon andikap elèv la. Toutfwa, anviwonman edikasyon entèrimè a dwe chwazi pa tout ekip PPT a.
- Pou disiplin elèv ki pa idantifye tankou elèv edikasyon espesyal, yon elèv ki gen dwa pou pwoteksyon pwosedi menm si li pa detèmine li kalifye pou sèvis espesyal anba IDEA si konsèy lokal la gen konesans elèv la te andikape anvan move konpòtman a rive. 34 C.F.R. Estati Jeneral Connecticut 300.534.
- Si yon elèv edikasyon espesyal ta rive komèt yon krim anplwaye lekòl la rapòte bay yon ajans lalwa, anplwaye lekòl la dwe asire yo ke kopi dosye edikasyon espesyal ak disiplin elèv la transmèt pou konsiderasyon otorite sila yo.

### **Konsèy Lokal la ap konsidere gen konesans si :**

1. Paran a eksprime dout alekri pou pèsònèl sipèvizyon oswa administratif oswa pwofesè yon elèv, si elèv la bezwen edikasyon espesyal oswa sèvis ki relye
2. Paran a mande pou elèv la evalye anba IDEA
3. Pwofesè elèv la oswa lòt manm staf la eksprime dout spesifik sou konpòtman ki demontre pa elèv la dirèkteman bay Direkte Ekzekitif Enstriksyon Espesyal oswa lòt pèsònèl sipèvizyon ajans la

### **IDEA 2004 fè li klè konsèy lokal la pap konsidere li gen konesans si**

1. Paran a pa admèt evalyasyon elèv la
2. Paran a refize sèvis
3. Elèv la evalye e, an konklizyon PPT a te detèmine elèv la pa gen okenn andikap.

Si konsèy lokal la pa gen konesans posibilite elèv la gen andikap, elèv la ka disipline komsì li pa yon elèv ak andikap. Si yon demann pou evalyasyon fèt pandan peryòd tanelèv la sijè a mezi disiplinè, distri lekòl dwe ekspedye evalyasyon a. Si elèv la vinn elijib nan apre, distri lekòl la dwe founi edikasyon espesyal bay elèv sila ; toutfwa, depandan rezilta evalyasyon a, elèv la rete nan anviwonman ki detèmine pa pèsònèl lekòl la.

### **Nòt Espesyal :**

Regilasyon Estati Connecticut, Seksyon 10-76d-7( c ), ekszije chak distri lekòl pou refere tout elèv ki ekspilse plizyè fwa oswa konpòtman, prezans oubyen pwogrè lekòl konsidere ensatisfèzan oubyen nan limit nivo akseptasyon bay Ekip Planifikasyon ak Plasman. Pou elèv ki gen plizyè ekspilasyon nan lekòl, yon referans dwe fèt bay PPT a pou konsidere si evalyasyon yo dwe fèt pou detèmine elijibilite elèv la pou sèvis edikasyon espesyal.

## Tablo Dwa ak Responsabilite

	<b>Elèv Yo gen Dwa :</b>	<b>Elèv yo gen Responsabilite :</b>
<b>Prezans :</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon eksperyans aprantisaj ki gen sans.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou prezan lekòl regilyèman an akò ak politik prezans distri a.</li> </ul>
<b>Respè pou moun ak Pwopriyete</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou sèvi ak pwopriyete lekòl la jan distri a apwouve li.</li> <li>• Pou sèvi ak pwopriyete prive sou pwopriyete lekòl la jan distri a apwouve li.</li> <li>• Pou entimite anba lwa ki aplikab</li> <li>• Pou respekte ak aksepte tankou endividi.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou respekte dwa lòt moun epi pa entèveni nan aprantisaj yo.</li> <li>• Pou adere a règ ak regilasyon distri lekol la.</li> <li>• Pou rapòte prèv zak ilegal oswa vyolasyon kòd konpòtman bay pèsonèl distri a.</li> <li>• Pou abiye byen an akò ak politik inifòm la.</li> </ul>
<b>Konesans ak Obsèvasyon Règ konpòtman</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou konn règ ak regilasyon sou konpòtman yo. Elèv ki gen opòtinite pou baya vi yo nan devlopman règ ak regilasyon sa yo nan foròm lekòl ak distri a tankou manm konsèy gouvènans lekòl la ak lòt reyinyon ki ranje.</li> <li>• Pou gen garanti yon anviwonman lekòl ki an sekirite e an sante.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou swiv règ ak regilasyon distri a jan sa apwouve pa konsèy lekòl la.</li> <li>• Pou swiiv règ ak regilasyon lekòl la ak distri a.</li> </ul>

<p><b>Dwa pou Aprann</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou aprann ak pouswiv yon edikasyon</li> <li>• Pou yon klima ak kilti lekòl ki bon pou aprantisaj</li> <li>• Pou aksè egal a yon edikasyon</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou pouswiv yon edikasyon nan pi bon kapasite yo.</li> <li>• Pou prezan, a lè, pare, atantif nan klas, ak pare pou aprann</li> <li>• Pou kontribye a yon klima lekòl ki pwomouvwa aprantisaj.</li> </ul>
<p><b>Dwa pou lapawòl ak piblikasyon</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dwa pou eksprime vizyon pa yo sòf si gen rezon legal pou regile pawòl yo oswa piblikasyon yo jan estati ak ka lalwa ki an rapò yo stipile</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou gen yon konpreyansyon sans dwa a lapawòl nan kontèks lekòl.</li> <li>• Pou rasanble an akò ak règ ak regilasyon ki preskri e apwouve pa konsèy lekòl la.</li> </ul>
<p><b>Patisipasyon nan aktivite lekòl</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou patisipe nan pwogram ak aktivite lekòl an akò ak egzijans elijibilite</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou kontribye a aktivite sa yon nan jan ki konstrikatif.</li> </ul>
<p><b>Dwa a pwosesis apwopriye</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwosesis apwopriye jan lalwa preskri li ak politik konsèy lekòl sa enkli : 1. Yon envestigasyon enpasyal ensidan an, 2. Pou prezante bay konsèy la jan sa apwopriye e 3. Avèti paran oswa gadyen yo e prezante tout pwosedi yo an akò ak lalwa ak politik distri a.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou koopere nan tout pwosedi pwosesis apwopriye a, pa founi enfòmasyon ki vre.</li> </ul>

## **Pwosedì Disiplinè**

### **Pwosedì Ki enplike Fòs Fizik**

Pèsonèl lekòl ka sèvi ak fòs fizik rezonab e pridan sou yon elèv lè sa nesèsè pou:

- Pwoteje tèt y o ak lòt moun kont atak imedia;
- Pran yon enstriman danjere oubyen yon dwòg ilegal nan men yon elèv
- Pwoteje Pwopriyete;
- Kenbe oswa retire yon elèv pou met lòd.

### **Pwosedì pou fouy ak Konfiskasyon**

Tout kazye ak biwo se pwopriyete Konsèy Edikasyon Bridgeport e izaj yo pa elèv yo se yon privilèj. Elèv yo pa'p plase, kenbe oswa stoke nan kazye oubyen biwo yo nenpòt zamafe, kouto, eksplozif, lòt objè danjere oubyen nenpòt lòt atik entèdi nan Manyèl Kòd Konpòtman Elèv la. Elèv yo pa dwe gen okenn atant konfidansyalite an rapò ak kazye oswa biwo yo. Kòm sadwa, ofisyèl lekòl yo gen dwa pou ouvri ak fouye kazye ak biwo yo nan nenpòt moman pou ranfòse règleman, pwosedì ak lwa lekòl la oubyen pou nenpòt lòt rezon. Ofisyèl lekòl yo ka fouye elèv tou oswa zafè yo lè gen sispisyon rezonab elèv sa yon an posesyon nenpòt objè oubyen sibstans entèdi nan Manyèl Kòd Konpòtman Elèv la. Objè ka enkli sa ki nan lis entèdiksyon seksyon « Ofans Disiplinè Tip II oubyen Tip III » Manyèl Kòd Konpòtman Elèv la. Nenpòt fouy ka enkli izaj aparèy elektwonik ak/oswa mekanik. Ofisyèl lekòl yo ka konfiske nenpòt ki objè oubyen sibstans ki konsidere tankou kontrebann entèdi pa Kòd Konpòtman a.

Konsèy Edikasyon Bridgeport angaje'l pou travay ak elèv ak fanmi yo pou pwomouvwa prezans regilye, ki ankouraje devlopman pèsonèl pa prepare elèv yo pou aksepte responsabilite yap genyen nan monn andeyò anviwonman lekòl segondè. Règ prezans sa yo fèt pou ede elèv yo konprann benefis prezans regilye se nan responsabilite ak angajman.

**Konsèy Edikasyon Eta Connecticut Defini Absans ki ekskize ak sa kip a ekskize (adopte 27 Jen 2012)**

Definisyon kap siv yo pou izaj distri lekòl Connecticut yo ak lekòl yo pou pwovizyon seksyon 10-198a Estati Jeneral Connecticut (Politik ak Pwosedi ki konsène triyan) e pou rapote pwoblèm nan sou-seksyon ( c) Seksyon 10-20 Estati Jeneral Connecticut. Izaj definisyon sa yo pou leta pa anpache distri a sèvi ak definisyon separe pou absans ki ekskize ak kip a ekskize pou izaj entèn yo (sa enkli desizyon pou pwomosyon/retansyon, nòt ak aksyon disiplinè).

**Absans Ekskize**

Absans yon elèv ap ekskize si gen dokimantasyon alekri sou rezon absans la ki soumèt di (10) joua van retou elèv la nan lekòl oswa an akò ak Seksyon 10-10 Estati Jeneral Connecticut e rankontre kritè kap siv yo :

- Absans nimewo en (1) rive nan nèt (9), ap konsidere ekskize lè paran/gadyen elèv la apwouve absans la e soumèt dokimantasyon apwopriye.
  - E-mail yon imaj skane yon nèt absan akseptab
  - Yon nèt absans nan lang paran an dwe aksepte
  - Yo rapò vèbal yon absans nan bouch paran ki pa ka ekri nan nenpòt lang dwe akseptab
- Email ak mesaj tèks pa rankontre nivo sekirite ki rekonmande a e pa konte tankou on fòm nèt absans akseptab.
- Pou dizyèm absans la epi pou tout lòt absans ki swiv, absans yon elèv ap ekskize pou rezon k'ap swiv yo :
  - Maladi yon elèv (Nòt : Tout absans elèv yo poutèt maladi dwe verifiye pa yon pwofesyonèl medikal pou konte tankou yon absans ekskizab kelkeswa longè absans la)
  - Obsèvasyon yon fèt relijye
  - Yon lanmò nan fanmi elèv la oswa lòt ijans ki pa nan kontwòl fanmi elèv la
  - Yon aparans mandate nan tribinal (lòt dokimantasyon rekonmande)

- Pwoblèm transpò ki founi an jeneral pa yon distri ki pa menm ak sa elèv la lekòl (ankenn dokimantasyon parantal egzib pou rezon sa a )
- Opòtinite Edikasyonèl ekstraòdinè pre-apwouve pa administratè distri a an akò ak Depatman Leta Connecticut pou Gid Edikasyon

### **Absans ki pa ekskize**

Absans yon elèv p'ap ekskize sòf si yo rankontre kritè ka swiv yo:

1. Absans lan rankontre definisyon yon absans ki ekskize (sa enkli ekszijans dokimantasyon)
2. Absans lan rankontre definisyon yon absans disiplinè

### **Absans disiplinè**

Absans ki se rezilta yon aksyon disiplinè yon lekòl oswa yon distri ekskli nan definisyon sa yo :

1. Politik Konsèy Edikasyon Eta Connecticut la di « Yon elèv konsidere 'prezan' si li prezan nan lekòl li asiyen an oswa yon aktivite lekòl la patwone, tankou yon vizit lekòl, pou o mwan mwaye yon jounen lekòl nòmal. Yon elèv k'ap sèvi yon sispansyon oswa yon ekspilsyon andeyò lekòl, ap toujou konsidere absan ».
2. Dokimantasyon sa a dwe enkli yon nòt ki siyen pa paran/gadyen elèv la, yon nòt ki siyen pa yon ofisyèl lekòl la ki pale an pèsòn ak paran/gadyen an sou sijè absans la oswa yon nòt ki konfime absans la pa enfimye lekòl la oswa yon pwofesyonèl medikal jan li apwopriye. Dokimantasyon a dwe eksplike nati epi rezon absans la ansanm ak longè absans la. Yon dokimantasyon separe dwe soumèt pou chak ensidans absanteis. Tankou : Si yon elèv malad de (2) jou sivi, elèv sa dwe soumèt dokiman apwopriye pou tou lè de jou yo. Si yon elèv malad de (2) jou kip a konsekitif, elèv sa a dwe soumèt dokiman apwopriye apre chak absans. Lekòl yo dwe pran pa pou pèmèt paran/gadyen ki pa pale Angle pou soumèt dokiman nan lang natal yo.

Elèv mandate pa lalwa Connecticut pou yo pa gen plis pase 20 absans san ekskiz nan nenpòt ane lekòl. Elèv laj 12 rive 17 lane ki eksede nonm sa a ap refere bay tribinal jivenil pou yon petisyon pou Fanmi ak Bezwen Sèvis (FWSN) jan lalwa eta a mande'l. An plis, paran elèv laj 7 rive 15 lane ak plis pase 20 absans san ekskiz ka refere bay Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) pou neglijan edikasyonèl.

Tanpri note yon petisyon FWSN dwe ranpli pa plis pase 15 jou kalandriye apre yon paran pa koopere ak esè pou rezoud pwoblèm absans oswa nenpòt timoun ki defini kòm toujou absan.

### **Rate Kou**

Li enpòtan pou tout elèv prezan nan kou pou benefisye pwosesis ansèyman ak aprantisaj. Se responsabilite elèv la pou li prezan nan tout kou lè li prezan lekòl. Sa k'ap siv yo fèt pou pwomouvwa devlopman atifid responsab sa a :

1. Rate Kou se absans nan yon kou pou yon jounen
2. Pwofesè saldeklas la ka refere nenpòt twa (3) ratman kou bay administratè a.

Nenpòt Konpòtman enpoze sou yon elèv poutèt li rate kou ap konsistan ak pwosedi pou sekirite ki dekri nan manyèl sa a.

### **Reta**

Reta pou lekòl ap separe de reta nan kou ak penalite pou tou lè de jan li ekri pi ba a :

#### **Reta nan kou**

1. Reta nan kou ap jere pa pwofesè kou a. Twa reta pou yon sèl kou pandan peryòd makaj la ka koze referans elèv la bay administrasyon a pou plis aksyon disiplinè
2. Nenpòt elèv kap antre nan kou san ekskiz apre dim init ap make pou rate kou a
3. Chak period makaj dwe konsidere tankou yon antite separe.

#### **Reta nan lekòl**

1. Reta nan lekòl ap kontinye ye anba responsabilite administrasyon. Si elèv yo an reta pou lekòl, administratè a ap ofri pwogram entèvansyon tankou referans by konseye pedagogik la oswa detansyon avan oubyen apre lekòl. Si pwogram sa y opa enpwouve prezans elèv la, administratè a ka refere elèv la bay Ekip SRBI a.
2. Elèv ki rive lekòl 45 minit apre komansman jounen lekòl la ap oblije akonpanye pa yon paran oubyen yon gadyen oswa paran oubyen gadyen a dwe rele lekòl la oubyen bay yon nòt alekri. Si okenn kontak pa fèt ak paran a, elèv la ap ka antre nan lekòl la men lap sijè a aksyon disiplinè adminstratè a. Reta kwonik dwe refere bay Ekip Asistans pou Elèv.
3. Elèv ki an reta dwe rapòte bay biwo administrative la avan epi pwofesè saldeklas yo ap avèti de prezans yo apati biwo administratif la. Nan ka yon absans, paran oswa gadyen dwe rele lekòl pitit yo jou absans la- pa pita pase dizè dimaten (10 a.m.)



## **Devwa**

Nenpòt elèv ki ekspilse lekòl gen opòtinite pou fè devwa yo rate pandan peryòd ekspilasyon; toutfwa, se responsabilite elèv la pou li mande devwa pou klas li rate. Pwofesè pa gen responsabilite chèchè ki elèv te rate ki travay nan klas poutèt li te ekspilse pou ba yo devwa. Piplis, elèv yo dwe fè tout devwa yo rate nan peryòd de (2) semèn ki vinn apre yo tounen lekòl.

## Pwosedì Obsèvasyon Prezans ak Entèvasyon

Nan komansman chak ane lekòl, administratè yo dwe enfòmè tout paran/gadyen, pa lèt, sou tout pwosedì prezans sa yo. Lèt sa a dwe siyen pa paran/gadyena e dwe retounen bay lekòl la. Lèt la dwe mande pou paran/gadyen a enkli enfòmasyon ijans ki ajou sou chak timoun, pa ekzanp kote paran yo travay, adrès lakay yo, nimewo telefòn lakay yo, nimewo telefòn travay, nimewo telefòn selilè, bipè, ansanm ak non moun kap vinn chèche elèv yo.

1. Nan ka yon absans, paran oswa gadyen yo dwe rele lekòl pitit yo jou absans la pa pita pase 10:00 di maten. Nan ka paran oswa gadyen pa bay okenn avètisman, lekòl la ap fè yon esè rezonab pou kontakte paran oswa gadyen a pa telefòn lakay li oubyen nan travay apwopo absans elèv la jou absans la.
2. Nan maten elèv la tounen lekòl, elèv la dwe pote yon nòt alekri siyen pa yon paran/gadyen ak rezon absans la (yo). (san yon nòt, tout absans ap tounen absans san ekskiz.)
3. Paran/Gadyen yo dwe fè tout efò pou pran randevou pou elèv yo apre lè lekòl yo. Okenn timoun pap lage pi bonè san yon avètisman alekri ak apwobasyon administratè a.
4. Chak lekòl dwe avèti paran yo de posibilite echèk poutèt yon dosye absans serye.
5. Staf la dwe avèti biwo a imedyatman de nenpòt kestyon ki konsene absans yon timoun, espesyalman lè staf la oswa yon lòt elèv ka sonje yo te wè elèv la nan lekòl la oswa lòt espas nan lekòl la.

### Referans Pwosedì

Pou seksyon sila, twòp absans se pou yon timoun laj senk rive dizwit, enklisif, ki enskri nan yon BPS e ki gen kat absans ki pa ekskize (UEA) nan lekòl pandan nenpòt grenn mwa oswa dis absans san ekskiz nan yon ane lekòl. Yon abitye se nenpòt timoun ki gen ven absans san ekskiz nan yon ane lekòl. Pi ba wap jwenn ekszijans Estatè CT 10198a (Règ ak Pwosedì sou Elèv ak Twòp Absans). Referans FWSN dwe ranpli pa plis 15 **jou kalandriye** apre paran an pa koopere ak esè pou rezoud pwoblèm sila oswa pou nenpòt timoun ki se yon abitye pwoblèm sa a. (20 UEA).

2 UEA nan yon mwa/5 nan yon ane

4 UEA nan yon mwa/10 UEA nan yo ane

6 UEA

apèl oswa lèt bay paran

reyinyon ak paran nan distans 10 jou

lekòl. Bi reyinyon sa a se pou revize

ak evalye rezon ki fè elèv la gen tout

absans sa yo

Vizit lakay ak konferans ak paran

8 UEA	Apèl ak lèt nan kay
10 UEA	Konferans ak paran ak referans bay SRBI
12 UEA	Vizit lakay ak apèl telefonik
15 UEA	referans bay PPT pou twòp reta
20 UEA	referans by Tribinal Jivenil (FWSN) pou elèv laj 12 rive 17 lane ak yon referans bay DCF pou neglijan edikasyonèl pou elèv 7 rive 15 lane

An plis, lekòl la dwe:

- Koòdone sèvis ak referans elèv yo bay ajans kominotè ki bay sèvis pou fanmi ak timoun
- Avèti paran elèv nan klas kindègadènn rive 8èm yo chak ane sou obligasyon yo dapre seksyon 10-184 so devwa paran
- Chak ane jwenn nimewo telefòn oswa lòt jan pou kontakte paran yo padan jounen lekòl
- Kreye yon sistèm siveyans pou absans endividyèl san ekskiz elèv ki nan kindègadènn rive 8èm ki pa rapòte lekòl la nan jounen lekòl nòmal san avètisman paran yo.

### **Entèvansyon pou elèv ki gen pwoblèm twòp absans**

Ap genyen yon Rejis Prezans Espesyal nan PowerSchool ak chan ki koresponn ak referans ki site nan Kòd Konpòtman a an rapò ak elèv ki gen twòp Absans. Nan chan sa yo, staf la ap endike ki aksyon ki te pran, tankou :

1. Pwofesè ap rele paran apre de (2) absans san ekskiz nan yon mwa. Pwofesè dwe antre dat yo rele epi sèvi ak meni a pou endike ak ki moun yo te pale. Chan estati a ap regle yon jan pou pwofesè ka endike si pwoblèm rezoud ou pa.
2. Lèt ap voye lakay elèv apre de (2) ak uit (8) absans san ekskiz youn apre lòt. Administratè a ap chwazi koòdonatè Lekòl Lakay, Pèsonèl Biwo oswa Ofisye Prezans Lekòl Segondè pou voye lèt pou chak referans e antre dat korespondans yo nan PowerSchool.
3. Direktè yo ap otorize Koòdonatè Lekòl Lakay, Pèsonèl Biwo oswa Ofisye Prezans pou bay Ofisye Absans Eksesif non elèv ki bezwen vizit lakay yo jan sa ekri nan Kòd Konpòtman an apre sis (6) ak (12) absans san ekskiz. Vizit lakay dwe anrejistre nan PowerSchool pa moun ki fè vizit la.
4. Referans pou SRBI ap fèt pa pwofesè a apre dis (10) absans san ekskiz. Dat yo fè referans SRBI a dwe anrejistre nan PowerSchool pa moun ki fè referans la. Apèl ak dokimantasyon nan PowerSchool apre douz (12)

absans e plis se responsabilite manadjè ka SRBI ki asiye a.

5. Referans pou PPT ap fèt ak endikasyon pwoblèm twòp absans pa ekip SRBI a apre kenz (15) absans san eksiz.
6. FWSN dwe ranpli pa plis pase 15 jou kalandriye apre paran an pa koopere ak esè pou rezoud pwoblèm absans lan oswa pou yon elèv ki toujou absan. Apre kenz (15) absans san eksiz, ofisye prezans yo ap ranpli dosye referans FWSN/DCF. Soumisyon dat FWSN/DCF la ap anrejistre nan PowerSchool pa pèsònèl biwo administrasyon a.

### **Pwosedi Prezans chak Jou**

Pou siveye prezans byen, y'ap sèvi ak yon sistèm enfòmasyon sou elèv nan odinatè ki rele PowerSchool oswa yon sistèm tankou sila, pou tout aspè prezans elèv. Pou chak referans ki site nan Kòd Konpòtman a, yon antre ap fèt nan sistèm enfòmasyon elèv la pou dokimante pwosedi obsèvasyon a.

1. Pwofesè yo a'p pran prezans nan PowerTeacher pou mete absans ak reta. Si pa gen okenn absans, pwofesè a dwe antre nan sistèm la kan menm pou konplete tout pa nan pran prezans.
2. Elèv ki an reta (10 minit apre lè ofisyèl lekòl komanse) dwe rapòte tèt yo bay biwo administrasyon a pou siyen epi resevwa yon pas pou antre nan yon saldeklas. Pèsònèl Biwo Administrasyon a ap responsab pou chanje absans an reta nan PowerSchool.
3. Nan maten yon elèv tounen lekòl, li dwe ekri yon nòt paran/gadyen a siyen ak rezon absans la. San nòt, tout absans ap konsidere san eksiz. Apre administratè lekòl la apwouve'l, yon pèsònèl biwo administrasyon a ap responsab pou chanje absans san eksiz pou absans ak eksiz nan PowerSchool.
4. Bò zòn 9 :30 AM, yon sistèm mesaj otomatik ap rele paran pou avèti yo pitit yo pa lekòl.
5. Chak administratè dwe tcheke estati pwofesè ki pa pran prezans gras ak rapò Prezans PowerTeacher.
6. Si yon pwofesè absan, yon ranplasan ka pran prezans gras ak Pò PowerTeacher pou Ranplasan.

## Politik Entimidasyon

Lekòl Piblik Bridgeport yo dedye tèt yo pou kreye e kenbe yon anviwonman edikasyon ki sekirite fizikman, emosyonèlman ak entelektyèlman, kidonk nenpòt zak entimidasyon, brimad oswa asèman entèdi. An akò ak Lalwa leta ak Politik prevansyon entimidasyon Lekòl Piblik Bridgeport yo, Lekòl Piblik Bridgeport yo entèdi nenpòt fòm entimidasyon:

- Sou pwopriyete lekòl
- Nan aktivite ki patwone pa oswa an rapò ak lekòl, pwogram oswa fonksyon, anndan oswa andeyò pwopriyete lekòl
- Arè otobis, oswa nan yon bis oswa lòt machinn ki pou lekòl yo, oswa ki pou Konsèy Edikasyon Rejyonal, oswa nan izaj yon aparèy elektwonik oswa yon aparèy elektwonik mobil ki pou Lekòl Piblik Bridgeport yo.

Elèv ki angaje nan konpòtman entimidasyon ap sijè a disiplin lekòl, jis rive ekspilsyon, an akò ak Manyèl sou disiplin elèv, sispanasyon ak ranvwa, konsistan ak lalwa leta ak lalwa federal.

Pou Politik sila, **Entimidasyon** se utilizasyon repete yon kominikasyon alekri, vèbal oswa elektwonik youn oswa plizyè elèv tankou entimidasyon sou entènèt, ki dirije bay oswa ki refere yon lòt elèv nan menm lekòl nan menm distri lekòl, oswa yon zak oswa jès fizik ki dirije bay yon lòt elèv nan menm distri lekòl ki:

1. Lakòz domaj fizik oswa emosyonèl yon elèv oswa domaj pou pwopriyete elèv la.
2. Ki fè elèv sila gen yon perèz rezonab pou domaje tèt li oswa pwopriyete li.
3. Kreye yon anviwonman ostil nan lekòl la pou elèv sa a.
4. Vyole dwa elèv yon an lekòl la.
5. Ki entewonp pwosesis edikasyon a oswa operasyon nan lòd yon lekòl.

### Entimidasyon ap enkli tou:

1. Kominikasyon alekri, vèbal oswa elektwonik
2. Yon zak fizik oswa yon jès ki baze sou nenpòt karakteristik diferansyasyon ki reyèl oswa pèsi, tankou ras, koulè, relijyon, zansèt, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite ak ekspresyon seksyèl, estati sosyoekonomik, estate akademik, aparans fizik oswa andikap mantal, fizik, devlopman, oswa sansoryèl.
3. Asosyasyon ak yon endividi oswa uon gwoup ki gen oswa ki sanble li gen youn oswa plis karakteristik sa yo.

Pou politik sila, “**entimidasyon sou entènèt**” Se nenpòt zak entimidasyon sou entènèt ak sou teknoloji entèaktif ak dijital, telefòn mobil selilè oswa lòt aparèy elektwonik mobil oswa nenpòt komikasyon elektwonik.

**Refere a Seri 5000 pou tout Politik Entimidasyon a.**

Rezon pou règleman sa a se pou kenbe yon anviwonman aprantisaj seki pou elèv yo ak anplwaye yo ki pa san brima. Aktivite brimad pa konsistan ak objektif edikasyonèl distri lekòl la e entèdi nan tout moman.

### **Deklarasyon Règleman a/ Definisyon**

Brimad nan nenpòt fòm, entèdi. Brimad se tankou yo Ofans Kòd konpòtman, Tip III e ap soumèt elèv la bay konpòtman ki apwopriye pou Ofans Tip III. Plis pase sa, elèv yo dwe aprann tou, brimad ka yon vyolasyon Eitati Kriminèl Connecticut anba yon fòm atak e ka fè yo arete ak pwosekite elèv la, e lap gen responsabilite sivil tou.

Brimad vle di nenpòt fòm, nenpòt tip move tretman, abi ak/oswa asèlman fizik, vèbal ak/oswa emosyonèl yon elèv an koneksyon ak patisipasyon yon elèv nan yon ekip atletik entèskolè oswa nenpòt aktivite lekòl la patwone ak/oswa fòse, enfliyanse oswa entimide nenpòt elèv pou patisipe nan aktivite ilegal oswa inapwopriye an koneksyon ak patisipasyon elèv la nan youn nan bagay sa yo. Brimad entèdi ke li te rive pandan, anvan oswa apre sezon a oswa jounen lekòl la.

### **Responsabilite Antrenè/Konseye**

Politik Brimad Lekòl Piblik Bridgeport la atache a dokiman sila, li enkli nan Kòd Konpòtman elèv la. Konfòmite ak politik sa obligatwa pou patisipasyon nan aktivite atletik entèskolè oswa aktivite lekòl la patwone. Antrenè ak Konseye oblije rankontre ak manm ekip/klèb ak asistan yo anvan sezon/aktivite a komanse. Antrenè yo responsab asire konfòmite chak manm/jwè asistan antrenè ak konseye yo pou politik sa a.

Si toutfwawa yon antrenè ta vinn aprann vyolasyon politik sa a, li dwe avèti Direktè Depatman Atletik la oswa administratè lekòl la. Si ou menm oswa yon asistan antrenè pa konfòm ak politik sila, ka gen rezilta ki rive jis nan ranvwa. Pi plis, antrenè/konseye dwe konnen brimad nan tout fòm li, konstitye yon vyolasyon Eitati Kriminèl Connecticut, sou baz aktivite sa yo reprezante atak ak/oswa patisipasyon nan aktivite ilegal. Nenpòt konesans ak pèmasyon pou aktivite brimad fèt ka kreye sanksyon kriminèl oswa sivil kont responsabilite ak kredibilite pèsònèl.

### **Antrènman**

Direktè Depatman Atletik la ap rankontre tout antrenè yo anvan sezon a pou revize politik brimad la. Tout antrenè yo ap resevwa yon kopi politik sila. Administratè lekòl la ap rankontre ak tout pwofesè yo nan konmansman ane lekòl

la epi lòt lè tou pou revize politik brimad la. Tout pwofesè yo ap resevwa yon kopi politik sila.

### **Pwosedì Rapò**

1. Nenpòt moun ki kwe li se yon viktim brimad oswa nenpòt moun ki gen konesans oswa ki kwe gen zak brimad ki fèt, dwe rapòt zak sila bay Administratè Lekòl la ak Direktè Depatman Atletik la.
2. Administratè batiman ak Direktè Depatman Atletik la, responsab resevwa rapò brimad nan nivo batiman yo.
3. Soumisyon yon bon plent oswa yon rapò brimad pap afekte anplwa, mwayèn oswa devwa rapòtè a oswa plenyadò a pi devan.

### **Aksyon Distri Lekòl la**

1. Lè distri lekòl la resevwa yon plent oswa yon rapò brimad, li dwe envistege san pèdi tan.
2. Lè investigasyon a fini, distri lekòl la dwe pran aksyon apwopriye, si li mandate, an akò ak Kòd Konpòtman Distri Lekòl Bridgeport la ak/oswa Politik ansanm ak Pwosedì Distri a.



## Règleman sou Rezo/ Entènèt/ Mesaj elektwonik

Distri Lekòl Piblik Bridgeport gen règleman akseptab sou isaj entènèt pou pwomouvwa echanj enfòmasyon ki sipòte aprantisaj ak ankouraje rechèch. Bi sa akonpli nan bay itilizatè yo aksè a lojisyèl ki sou dosye sèvè Distri a, sou entènèt ak abilite pou voye mesaj elektwonik. Tout sa konsistan ak misyon Distri Lekòl Piblik Bridgeport la. Itilizasyon entènèt se yon privilèj se pa yon dwa elèv ; li dwe itilize sèlman nan bi edikasyon. Elèv ki abize privilèj sa a, y'ap revoke aksè yo epitou yap gen pou yo fè fas a aksyon disiplinè.

### **Règ**

1. Chak elèv ki mande aksè a Rezo Entènèt Bridgeport la dwe konplete Fòm Akò Kont Elèv ki dwe siyen pa yon paran oswa yon gadyen. Nenpòt itilizasyon rezo a san otorizasyon entèdi.
2. Ni Rezo enstriksyon Bridgeport, ni aksè entènèt dwe itilize pou biznis komèsyal, oswa nan bi politik, pou defans relijyon oswa nan bi ilegal.
3. Itilizatè pa dwe itilize sistèm la nan nenpòt jan ki ensiltan, endisipline, ofansif ak dezagreyab oswa kontrè a bi edikasyon Distri a.
4. Itilizasyon Entènèt Bridgeport la pou aksede oswa voye mesaj, ti komik ou byen blag, pwopozisyon ki pa byenvini oswa lèt lanmou ki obsèn, pònografik oswa seksyèlman eksplisit, mesaj ki pwomouvwa vyolans oswa menas nan nenpòt jan, ensilt sou ras, etnisite, relijyon ou byen lòt mesaj ki ka konsidere tankou asèlman oswa depresyasyon lòt moun sou baz sèks, ras, oryantasyon seksyèl, laj, orijin nasyonal, oswa relijye, ou byen kwayans politik, entèdi.
5. Voye materyèl ki kritik pou administrasyon lekòl la, pwofesè, anplwaye, elèv oswa nenpòt moun ki asosye ak distri lekòl la, entèdi.
6. Asèlman pa itilizatè rezo a, Enfiltrasyon òdinatè nan sistèm la ak/oswa andomajman konpozan lojisyèl la, entèdi.
7. Souskripsyon a sèvè liste, group nouvel, tablo dafichaj ak nenpòt lòt sèvis pwomosyonèl sou entènèt ap sijè a revizyon ak apwobasyon staf distri a.
8. Move itilizasyon delibere rezo a ak ekipman li ap konsidere tankou kraze brize e ap sijè a aksyon disiplinè. Distri a ap declare itilizatè a responsab finansyèman pou nenpòt domaj ki fèt.
9. Okenn endividi dwe fè yon antre ki pa otorize, oswa alterasyon nan nenpòt dokiman, ni papyè ni elektwonik, endividi sa a pa kreye.

10. Mesaj elektwonik dwe efase regilyèman pa chak itilizatè pou konsève espas.
11. Enstalasyon lojisyèl sou òdinatè Distri a dwe pre-apwouve pa Direktè Teknoloji Edikasyonèl e dwe fèt pa anplwaye sipò teknik sèlman.
12. Pwofanite oswa obsenite pap tolere. Tout manm kominote a dwe sèvi ak langaj ki apwopriye pou sityasyon lekòl jan sa endike nan Kòd Konpòtman a.
13. Imitasyon, anonimite oswa psedonim, pa pèmi. Moun ap deklare responsab pou aksyon ak mo yo.
14. Okenn moun dwe itilize rezo Distri a pou fè acha sou entènèt.

### **Penalite pou Itilizasyon Inapwopriye**

1. Nenpòt itilizatè ki vyole règ sa yo, ak lalwa federal oswa lalwa leta ki aplikab oswa règleman saldeklas Distri a, sijè a pèt privilèj rezo yo ak nenpòt lòt opsyon disiplinè Estati leta a, règleman Konsèy la oswa Kòd Konpòtman Lekòl Piblik Bridgeport yo bay, sa enkli men pa limite a pèt privilèj rezo/entènèt, sispansyon ak/oswa ekspilsyon.
2. Itilizatè ki entansyonèlman andomaje ekipman, ki eseye chaje oswa telechaje lojisyèl ki pa otorize, ki aksede kont yon lòt itilizatè oswa kont lekòl yo oswa ki derespekte règleman sa yo ap sijè a aksyon disiplinè.
3. Domaj ki koze nan lòt rezo ki aksede ap soumèt itilizatè a a menm aksyon disiplinè ak domaj bay Rezo/Entènèt Bridgeport, ansanm ak nenpòt lòt chaj kriminel.

## Règleman sou Asèlman Seksyèl elèv/anplwaye

Se règleman Lekòl Piblik Bridgeport pou nenpòt fòm diskriminasyon seksyèl ilegal, i konpri asèlman seksyèl anplwaye oswa lòt fòm diskriminasyon seksyèl jan sa refere nan Tit VII Zak Dwa Sivil 1964 ak nan Tit IX Amanman Edikasyon 1972, entèdi nan travay ak nan rekritman, randevou ak avansman anplwaye. Diskriminasyon seksyèl elèv, i konpri asèlman seksyèl, jan sa refere nan Tit IX la, entèdi ni anndan ni andeyo saldeklas ak nan evalyasyon pèfòmans travay akademik elèv yo. Règleman sa a se pou rete nan menm lespri ak entansyon yon bann règleman federal ki adrese pwoblèm pratik anplwaman jis, estanda etik ak pwosedi anfòmman.

Se règleman Konsèy Edikasyon Bridgeport la pou asèlman seksyèl se yon kondit ilegal ak yon move diskriminasyon kont dwa lòt moun. Konsèy la pap sitire ni tolere nenpòt konpòtman vèbal oswa fizik pa elèv, anplwaye oswa lòt moun k'ap fè biznis oswa k'ap fè benevola nan Lekòl Piblik Bridgeport, fi oswa gason, ki ta ka konstitiye asèlman seksyèl. Moun ki angaje nan asèlman seksyèl ap sijè a aksyon apwopriye, sa enkli tou sesyon edikasyonèl, reprimann, pwobasyon, sispanasyon, ekspilsyon, revokasyon nan Lekòl Piblik Bridgeport oswa aksyon sivil ou byen kriminel.

Anplwaye ak elèv resevwa ankourajman pou evite, rapòte ak korije nenpòt enstans asèlman seksyèl nan Lekòl Piblik Bridgeport. Elèv yo dwe konfòme a yon kondit ak estanda ki montre respè ak bon jan, bay lòt elèv parèy yo. Pi plis, nenpòt relasyon romantik oswa seksyèl ant anplwaye nan Konsèy la ak elèv yo trè inapwopriye e sa pa akseptab, ke'l te ke'l pat, konstitiye asèlman seksyèl jan sa defini nan règleman sa a.

### **Definisyon**

Asèlman Seksyèl defini tankou nenpòt avans seksyèl, demann oswa sèvis seksyèl ak lòt konpòtman vèbal, vizyèl oswa fizik ki gen nati seksyèl e ki fèt pa yon moun nan anviwonman travay oswa edikasyonèl ki pa byen vini. Asèlman seksyèl rive lè :

1. Soumisyon bay kondit la se yon tèm oswa kondisyon eksplisit oswa enplisit nan anplwa yon moun ak nan estati ak progrè akademik li.
2. Soumisyon oswa rejè kondit la sèvi kòm baz pou anplwa oswa/ak desizyon edikasyonèl ki afekte moun nan.
3. Kondit la gen pou bi oswa kòm efè yon enpak negatif sou travay oswa pèfòmans akademik moun nan, oswa kreye yon anviwonman travay oswa edikasyonèl ki entimidant, ostil oswa ofansif.
4. Asèlman Seksyèl jan sa define nan seksyon II-A, ka enkli men pa sèlman limite a sa k'ap sive yo :

- a. Lèt, nòt ki pote sijestyon oswa ki obsèn, kout lang, blag, epitèt, rimè seksyèl, jès obsèn, ekspozisyon objè, foto, ti komik, ou byen grafiti ki bay sijestyon seksyèl.
- b. Komantè, Sijestyon, Demann, Kontak Fizik oswa atansyon ki oryante seksyèlman e ki pa bienvini ni dezirab.
- c. Konpòtman seksyèl fòse ki itilize pou kontwole, enfliyanse oswa menase lòt elèv pou patisipe nan aktivite.
- d. Konpòtman seksyèl fòse ki itilize pou kontwole, enfliyanse oswa afekte opòtinite edikasyonèl, mwayenn, ak/oswa anvivonman aprantisaj yon elèv.
- e. Elèv nan klas ki gen pi fò gason/fi ki sijè a remak seksyèl.

### **Pwosedì pou plent**

1. Nenpòt anplwaye, elèv oswa lot moun nan kominote lekòl la ki se yon viktim asèlman seksyèl pa yon elèv dwe rapòte sa san rete bay yon pwofesè, yon sikològ oswa yon administratè k'ap dirije yo bay Koòdinatè/Ofisye Tit IX deziyen a. Moun k'ap pote plent la ap dwe ranpli yon fòmilè pou plent.
2. Si moun k'ap plenyen a se yon minè, Koòdinatè/Ofisye Tit IX la ap evalye si konpòtman a gen baz pou yon rapò abi kont timoun epi si se sa, ap swiv pwosedì pou rapòte abi kont timoun distri a. Koòdinatè/Ofisye Tit IX la dwe fè nenpòt envistigasyon ki nesèsè e refere moun ki komèt nwizans la bay administratè a pou plis aksyon, ki ka enkli referans pou terapi oswa pwosedì disiplinè.
3. Yon chaj pwouve kont yon elèv ka lakòz soumision bay aksyon disiplinè ki ka enkli sispanasyon oswa ekspilsyon. Kòm règ jeneral, asèlman seksyèl alekri oswa vèbal, konstitiye yon ofans Disiplinè Tip I pandan asèlman seksyèl fizik se yon Ofans Disiplinè Tip II oswa Tip III, depandan sou severite move konpòtman a. Move konpòtman ki repete ka konstitiye yon ofans Disiplinè Tip III.
4. Koòdinatè/Ofisye Tit IX la dwe fè yon rapò alekri ki rezime rezilta nenpòt envestigasyon ak aksyon ki fèt nan dire kenz jou; moun k'ap plenyen a ak moun ki komèt nwizans la ap enfòmè sou rezilta nenpòt envistigasyon ak aksyon ki fèt.
5. Si moun k'ap plenyen a pa satisfè ak rezolisyon a, li ka soumèt yon apèl kont bay Sipèvizè Asistan/Asosye lekòl primè oswa segondè apwopriye a, k'ap revize rapò ekri Koòdinatè/Ofisye Tit IX la e ka chwazi fè plis envistigasyon. Sipèvizè Asistan/Asosye a ap detèmine si plis aksyon nesèsè e ap soumèt yon rapò l'ap bay moun k'ap plenyen a ak swa dizan akize

a.

6. Nenpòt elèv ki se yon viktim asèlman seksyèl pa yon anplwaye oswa nenpòt lòt moun k'ap fè biznis oswa k'ap fè benevola nan Lekòl Piblik Bridgeport dwe rapòte sa san rete bay yon pwofesè, yon sikològ, yon administratè oswa Biwo Pèsonèl Lekòl Piblik Bridgeport la. Si moun k'ap plenyen a se yon minè, Direktè Pèsonèl la ap deside si konpòtman a gen baz pou yon rapò abi kon timoun, si se sa, l'ap swiv pwosedi pou rapòte abi kont timoun distri a. Tout plent sa yo ap envestige san rete pa Direktè Pèsonèl la oswa moun li deziyen a, e y'ap pran aksyon apwopriye. Moun k'ap plenyen a ap enfòme sou rezilta ankèt la ak aksyon ki te pran pa administrasyon a.
7. Si moun k'ap plenyen a pa satisfè ak rezolisyon a, li ka soumèt yon apèl kont nan dire 10 jou travay bay Sipèvizè Lekòl yo k'ap revize dosye a e ki ka chwazi fè plis envestigasyon toujou. Sipèvizè a ap pare yon rapò envestigasyon a e ap rekonmande yon desizyon bay Konsèy Edikasyon a. Nan tout ka, nenpòt zak vanjans kont yon moun ki pote plent entèdi.

## Politik Inifòm

Tout elèv nan klas PK 12 ap mete inifòm obligatwa chak jou lekòl. Nenpòt elèv k'ap transfere nan Distri Lekòl Bridgeport la sot nan yon lòt distri lekòl pandan yon ane lekòl ap gen peryòd gras sèt (7) jou kote elèv la pap disipline si li pa mete inifòm obligatwa a. Inifòm obligatwa lekòl la enkli :

- **Pantalon** : pantalon abiye ak yon sentiron nan tay ; koulè spesifik pantalon yo ap detèmine pa lekòl spesifik la
- **Jip Djompè** : Yo dwe nan nivo jenou oubyen pi long. Yo dwe mete chemiz oswa mayo polo anba djompè a.
- **Shòt**:Yo dwe nan nivo jenou ak sentiron nan tay. Yo ka met shòt ant premye avril ak premye novanm sèlman.
- **Mayo**: mayo polo a kòl, mayo abiye, a manch long oswa manch kout. Lòt koulè ki reprezanti lekòl endividyèl Bridgeport elèv la, akseptab tou. Mayo yo dwe anndan pantalon.
- **Chanday**: Ka poulovè, zipe oswa kadigan an koulè solid spesifik ak lekòl la san kapichon, dekorasyon oswa mo. Chak lekòl ka chwazi yon koulè spesifik an plis pou chanday ak vès.
- **Soulye/Tenis**: Soulye rekomande plis pase tenis. An plis pase soulye, tenis nwa oubyen blan pèmi, ak bòt senp ki pawopriye. Lasèt nan soulye, tenis oswa bòt dwe mare.
- **Abiman pou Jou Edikasyon Fizik**: Elèv yo ka mete swèts pou al lekòl jou edikasyon fizik. Mayo ak shòt lekòl la apwouve pèmi. Chak lekòl ap chwazi abiman edikasyon fizik pa li.

Pèsonèl Lekòl la dwe asire tout elèv ap swiv Politik Inifòm Lekòl la. Lè yon elèv pa swiv politik inifòm lekòl li, pwosedi disiplinn k'ap swiv yo aplike :

**Premye Ofans**: Avètisman vèbal ak avètisman bay paran/gadyen legal la.

**Dezyèm Ofans**: Avètisman alekri ak avètisman bay paran/gadyen legal la.

**Twazyèm Ofans ak tout sa k'ap swiv yo**: Prezans nan pwogram ak aktivite espesyal ka fòfè oswa retni jiskaske elèv la vinn lekòl an inifòm. Si mezi disiplinè sa yo pa bay konfòmite ak politik vestimantè lekòl la, administratè a ka enpoze disiplinn ki pi strik men li paka enpoze yon sispanasyon an deyò lekòl an akò ak Eitati Jeneral CT 10-233c(g).

Note okenn elèv pa dwe penalize pou enkapasite'l pou achte inifòm apwopriye. Si yon elèv paka siiv règleman inifòm la poutèt mank resous, administratè yo dwe asiste fanmi sa a nan jwenn inifòm pou mete.

Nenpòt rad oswa akseswa ki ka lakòz dezòd oswa ki ogmante ris pou blese tèt ou oswa lòt moun, oswa ki mete moun malalèz (tankou salte, langaj ofansif oswa obsèn, senbòl, siy gang), ki pwomouvwa oswa fè reklam pou itilizasyon alkòl oswa dwòg, ki pònografik oswa ki denigre moun ki fèt pou fè moun fache, entèdi.

Pou garanti sekirite ak enterè edikasyonèl lekòl yo, sa k'ap swiv yo pa dwe pòte nan lekòl: manto ki fèt pou deyò, anwo kostimdeben ak mayo ki met vant deyò, rad pou tèt, bagay ki kouvè figi oswa tout tèt, rad transparan, pantalon ki montre souvètman oswa nenpòt linèt ki pa preskri.

## Pwosesis Apèl Kont

Se règleman Lekòl Piblik Bridgeport pou tout elèv ak/oswa paran gen dwa pou prezante pou solisyon nenpòt pwoblèm ki parèt nan estati yo tankou elèv ak paran e yap jwenn ankourajman pou yo ekszèse dwa sa a san krent rekriminyasyon. Se poutèt sa yo etabli yon pwosesis pou pote plent. Pou asire tout pwoblèm korije pi vit posib, yo etabli limit tan pou asire atansyon nesèsè rapid pou tout pwoblèm. Si elèv/paran a pa pote plen nan tan limit ki chwazi a, plent lan pap jere e li pap ka al nan apèl kont.

### Pwosesis

Pwosedi pou pote plent la ka itilize pou adrese nenpòt sityasyon ki fèt nan operasyon oswa nan pwosedi nòmal lekòl la ki lakòz yon elèv oswa/ak yon paran kwè yo fè'l mal. Yo ankouraje elèv ak paran yo pou yo diskite nenpòt enkyetid enfòmèlman ak moun ki enplike yo avan yo envoke pwosedi pou pote plent la.

### Inisyasyon

Yon paran oswa yon elèv ka inisyè pwosesis pou pote plent la lè swa elèv oswa paran li ou byen gadyen li kwe gen yon vyolasyon oswa yon move aplikasyon Kòd Konpòtman an, règleman Konsèy Edikasyon oswa lalwa federal ou byen lalwa leta a.

### Pwosedi

Pwosedi pou inisyasyon ak konpòtman pou pote plent :

#### **(Premye Etap)- Konferans Administratè**

Yon elèv, ak/oswa paran/gadyen ki vle envoke pwosedi pou pote plent la dwe fè yon demann alekri pou yon konferans ak direktè lekòl la pou diskite plent la epi chèche yon resolisyon. Règleman k'ap siv yo dwe respekte nan premye etap la :

- Yon plent dwe soumèt pi vit posib pa plis pase trant (30) jou apre yo revele fè ki lakòz pwoblèm la
- Administratè a dwe aksepte konferans la nan senk (5) jou lekòl ki siv apre li resevwa demann nan.
- Demann la dwe enkli yon deklarasyon ki dekri plent la e ki nonmen règleman spesifik oswa lwa ki vyole a.
- Administratè a dwe deklare pozisyon li alekri bay elèv/paran a nan senk (5) jou lekòl ki swiv konferans la.
- Sòf paran, gadyen an oswa moun ki aji tankou paran a ap kapab reprezante elèv la nan konferans ak administratè a.



- Pwogram/Plasman elèv la pa dwe chanje tout pandan rezilta apèl kont la pòki soti.

### **Dezyèm Etap- Apèl Kont bay Ofisye Chèf Akademik la oswa moun ki deziyen a**

Si plent la pa rezoud nan premye etap la, elèv la oswa paran/gadyen a ka fè yon apèl kont desizyon administratè a alekri bay Ofisye Chèf Akademik la oswa moun ki deziyen apwopriye a. Apèl Kont la dwe fèt nan senk (5) jou lekòl ki swiv apre yo resevwa deklarasyon pozisyon administratè a nan premye etap la.

Premye Etap. Ofisye Chèf Akademik la oswa moun ki deziyen a dwe resevwa plent la nan senk (5) jou lekòl ki swiv apèl kont la. Yon repons alekri ap al' jwenn elèv la, paran a oswa gadyen a ak administratè a nan di (10) jou lekòl ki swiv revizyon Ofisye Chèf Akademik la oswa moun ki deziyen a.

### **Twazyèm Etap- Apèl Kont bay Sipèvizè Lekòl yo**

Si plent la pa rezoud nan dezyèm etap la, elèv la oswa paran/gadyen a ka fè apèl kont desizyon Asistan Sipèvizè a alekri bay Sipèvizè Lekòl yo. Apèl kont la dwe fèt nan senk (5) jou lekòl ki swiv apre deklarasyon pozisyon Asistan Sipèvizè a nan dezyèm etap la.

Sipèvizè a oswa moun li deziyen a ap revize plent la nan senk jou ki swiv apèl kont la. Yon repons alekri dwe al' jwenn elèv la, paran a oswa gadyen a ak administratè a nan di (10) jou k'ap swiv revizyon Sipèvizè a.

### **Katriyèm Etap- Apèl Kont bay Konsèy Edikasyon a**

Si plent la pa rezoud nan twazyèm etap la, elèv la oswa paran/gadyen a ka fè apèl kont desizyon Sipèvizè a alekri bay Konsèy Edikasyon Bridgeport la nan di (10) jou lekòl ki swiv repons Sipèvizè a nan twazyèm etap la. Desizyon Konsèy la ap dènye desizyon a.

## Avètisman Anyèl dwa parantal an rapò ak Dosye Lekòl anba FERPA

Zak Vi prive ak Dwa Edikasyon Pou Fanmi (FERPA), 20 U.S.C. 1232g, et seq., bay paran ak elèv ki kalifye tankou elèv ki gen plis pase 18 lane, minè emansipe, ak sa ki anrejistre nan enstitisyon edikasyonèl pòs-segondè; yon seri dwa an rapò ak dosye edikasyon elèv. Yo se:

1. Dwa pou enspekte ak revize dosye edikasyon elèv la nan dire kanrann senk (45) jou kalandriye apre Distri a resevwa demann aksè a.
2. Paran oswa elèv ki kalifye dwe soumèt yon demann alekri bay administratè lekòl la ki idantifye dosye yo ta renmen enspekte a. Administratè a ap fè aranjman pou aksè a, l'ap avèti paran/gadyen elèv ki kalifye yo ki lè ak ki kote pou yo vinn enspekte dosye yo.
3. Dwa pou mande yon amannman dosye edikasyon elèv la si paran oswa elèv ki kalifye yo kwè dosye yo bay fò enfòmasyon ou byen si dosye yo vyole dwa vi prive elèv la. Yo dwe fè demann lan alekri epitou yo dwe idantifye klèman pati nan dosye a yo vle chanje, yo dwe spesifye poukisa li pa kòrèk ak poukisa li bay move enfòmasyon oswa poukisa li vyole dwa vi prive elèv la.
4. Si Distri a deside li pap modifiye dosye a jan paran oswa elèv yo mande a, Distri a ap avèti paran oswa elèv ki kalifye yo sou desizyon sa a epi tou ap konseye yo sou dwa yo genyen pou al nan odyans sou demann amannman a. Paran oswa elèv ki kalifye yo ap jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi odyans la lè y'ap enfòme yo sou dwa odyans yo.
5. Dwa pou konsanti sou revelasyon enfòmasyon ki pèsònèlman idantifyab (PII) nan dosye edikasyon elèv la, sòf nan ka FERPA otorize revelasyon san konsantman.

**Nòt:** Yon eksepsyon ki pèmèt revelasyon san konsantman se revelasyon bay yo ofisyèl lekòl ak enterè lejitim. Yon ofisyèl lekòl se yonmoun ki anplwaye pa Distri a kòm administratè, sipèvizè, enstriktè, oswa manm staf sipò (sa enkli staf medikal oswa staf sante ak pèsònèl inite ranfòsman la) ; yon moun ki nan Konsèy Edikasyon a ; yon moun oswa yon konpayi ki gen yon kontra ak Distri a pou fè yon travay espesyal (tankou yon avoka, yon oditè, yon konsiltan medikal, oswa yon sikològ) ; oswa yon paran ou byen yon elèv ki nan yon komite ofisyèl, tankou yon komite disiplin oswa komite plent, oswa asiste yon lòt ofisyèl lekòl nan reyalizasyon travay li. Yon ofisyèl lekòl gen yon entèrè lejitim pou edikasyon si ofisyèl la bezwen revize yon dosye edikasyon pou ranpli responsabilite pwofesyonèl

li.

Sou demann, Distri a ap revele dosye edikasyon yon elèv san konsantman bay ofisyèl yon lòt lekòl piblik, sa enklè yon nouvo lekòl piblik kote elèv la ap cheche oswa ap planifye pou enskri.

6. Dwa pou pote plent ak Depatman Edikasyon Lèzetazini sou fayit Distri a pou konfòme ak egzijans FERPA. Non ak adrès Biwo ki administre FERPA a se :

**Biwo Konfòmite Politik Fanmi  
Depatman Edikasyon Lèzetazini  
400 Maryland Avenue, S.W.  
Washington, DC20202-4605**

FERPA pèmèt revelasyon PII dosye edikasyon elèv yo san konsantman paran/gadyen a oswa elèv ki elijib la si revelasyon la rankontre yon seri kondisyon ki nan règleman FERPA 99.31. Sòf nan ka revelasyon bay ofisyèl lekòl, revelasyon an rapò ak lòd lajistis oswa asiyasyon anba lalwa, revelasyon enfòmasyon anyè ak revelasyon bay paran/gadyen oswa elèv ki elijib, nan règleman FERPA 99.32, ekszije lekòl la anrejistre revelasyon a. Paran/Gadyen yo ansanm ak elèv ki elijib yo gen dwa enspekte ak revise dosye revelasyon yo. Yon lekòl ka revele PII nan dosye edikasyon yon elèv san resevwa yon konsantman paran/gadyen oswa elèv ki elijib la:

- Bay lòt ofisyèl lekòl ikonpri pwofesè nan ajans edikasyon a oswa enstitisyon lekòl la detèmine gen entèrè edikasyonèl lejitim. Sa enklè: antrepènè, konsiltan, volontè oswa lòt pati lekòl la soutrete sèvis enstitisyonèl oswa fonksyon depi tout kondisyon ki nan 99.31 (a)(1)(i)(B)(1) – (a)(1)(i)(B)(2) ranpli. (99.31 (a)(1))
- Bay ofisyèl yon lòt lekòl, yon lòt sistèm lekòl osa enstitisyon edikasyon pòs-segondè kote elèv la chèche oswa eseye enskri oswa kote elèv la gentan enskri si revelasyon an rapò ak enskripsyon oswa transfer, sijè a ekszijans 99.34 (99.31(a) (2))
- Bay reprezantan otorize Kontwolè Jeneral Lèzetazini, Avoka Jeneral Lèzetazini, Sekretè Deta osa Edikasyon ak otorite lokal edikasyonèl, tankou ajans edikasyonèl leta a nan leta paran/gadyen oswa elèv ki elijib la (SEA). Revelasyon anba pwovizyon sila ka sijè a ekszijans 99.35, an koneksyon ak yon odit oswa yon evalyasyon pwogram edikasyon federal oswa leta sipòte oswa pou ranfòsman oswa konfòmite ekszijans federal legal an rapò ak pwogram sa yo. Antite sila yo ka revele plis PII bay lòt antite deyò yo deziyen oswa reprezantan yo otorize fè odit, evalyasyon

oswa aktivite anfòsman ak konfòmite nan plas yo. (99.31 (a) (3) ak 99.35)

- An koneksyon ak èd finans elèv yo aplike pou oswa elèv la resevwa. Si enfòmasyon a nesèsè pou detèmine elijibilite pou èd la, detèmine montan èd la, detèmine kondisyon èd la, oswa anfòse tèm ak kondisyon èd la. (99.31 (a) (4))
- Bay otorite oubyen ofisyèl lokal ak leta, pou lèkèl ou enfòmasyon espesifikman ka rapòte oswa revele pa yon estati leta ki konsène sistèm jistis jivenil ak abilite sistèm pou sèvi efektivman, anvan jijman, elèv ki gen dosye yo revele, sijè a 99.38. (99.31 (a) (5))
- Bay òganizasyon kap fè rechèch pou oswa nan plas lekòl la, pou (a) devlope, valide oswa administre tès prediktif ; (b) administre pwogram pou ede elèv ; oswa (c) amelyore enstriksyon. (99.31 (a) (6))
- Bay òganis akreditasyon kap efekte fonksyon akreditasyon yo (99.31 (a) (7))
- Bay Paran yon elèv ki elijib si elèv la se yon depandan pou taks IRS (99.31 (a)(8))
- Pou konfòme ak yon lòd lajistis oswa asiyasyon legal. (99.31 (a) (9))
- Bay ofisyèl apwopriye an rapòt ak ijans sekirite oswa lasant sijè a 99.36 (99.31 (a) (10))
- Enfòmasyon lekòl la deziyen tankou « enfòmasyon anyè » anba 99.37 (99.31 (a)(11))

**Konpòtman apwopriye ak laj**

Konsèy la rekonèt elèv nan diferan klas ak diferan laj gen diferan nivo devlopman, ki vle di konpòtman yo ap diferan e mande repons diferan.

Depatman Edikasyon Eta a endika laj, nivo klas ak staj devlopman yo elèv ka enpòtan nan faktè ki mennen a ka ki enplike elèv ki jèn ki ka pa gen matirite devlopman pou rezoud pwoblèm sosyal efektivman. Nan lòt ka, faktè kilfi ak kominikasyon dwe antre an kont nan entèpretasyon konpòtman espesyalman nan ka ki enplike sityasyon sosyal konplèks ak anbigi ki ka parèt yon lòt jan depandan idantite pèsonel rasyal, etnik, langaj ak kiltirèl yon moun. Nan lòt ka, faktè ki relye tankou istwa alyans kolaboratif ak paran, esè pou diminye konpòtman ki pa apwopriye oswa ki danjere ak nenpòt bezwen edikasyon espesyal, emosyonèl ak konpòtmantal dwe antre an kont tou.

Pou konnen ki nivo entèvansyon ak konsekans ki apwopriye, an plis pase sikonstans atenyen, ofisyèl lekòl yo dwe konsidere nivo klas ak laj elèv la. Apwòch sa ka lakòz entèvansyon ak konsekans mwen sevè pou yon elèv ki pi jèn oswa nan yon pi piti klas konpare ak yon elèv ki pi gran oswa ki nan yon pi gwo klas.

## Ofans Disiplinè Tip I/Minè

Ofans Disiplinè Tip I/Minè se sila ki mwen danjere nan twa kategori ofans ki dekri nan Kòd Konpòtman Elèv la. An jeneral, ofans sa pa tip konpòtman mechan oswa danjere ki merite pinisyon anba mezi ki pi di. Entansyon se gwo faktè ki distenge ofans sa yo ak ofans pi serye ki se Tip II oswa Tip III. Pou detèmine kategori kote ofans la plase, manm pèsònèl la dwe evalye entansyon elèv la.

Lekòl yo, anpil fwa se premye ki idantifye elèv k'ap eksperimente pwoblèm sosyal, emosyonèl, konpòtmantal oswa familyal ki afekte pwosesis aprantisaj la negativman; lè bezwen sila yo idantifye, pèsònèl lekòl la ka fè referans pou sèvis sipò.

Ekip SRBI a gen ladan administratè ak anplwaye sipò ki pral rankontre ak revize sityasyon elèv la anvan li fè yon referans, nan plizyè ka, ekip lekòl la ap rankontre paran/gadyen a nan lekòl la pou dekri sèvis ki disponib yo e eseye angaje paran yo nan yon plan volontè.

Yon deskripsyon pi konplè chak tip ofans disiplinè Tip I/Minè prezanta piba :

### **1. Fas ki pa andanje moun oswa pwopriyete**

Yon fas an jeneral se yon blag pratik oswa yon tou espyèg ki fèt pou imilye yon lòt moun, men ki nòmalmman pa nan entansyon mete moun oswa pwopriyete andanje. Kèk diskresyon ap nesèsè pou evalye konpòtman pou detèmine si sete yon fas oswa nan entansyon lakòz mal. Si yon elèv senpleman chèche imilye lòt moun, konpòtman a kalifye tankou yon Ofans Disiplinè Tip I/Minè.

### **2. Voye manje oswa lòt objè**

Menm jan ak fas ki diskite nan nimewo en piwo a (1), ofans sila klasifye tankou Tip I/Minè potèt an jeneral elèv pa gen entansyon blese moun oswa andomaje pwopriyete lè yao voye manje oswa lòt objè. Toutfwa, voye nenpòt objè se yon konpòtman ki ase danjere nan nati li pou bay kèk pèsònèl dwa pou reponn si sa rive. Andeyò manje, voye objè kap siv yo se ekszanp konpòtman ki ka pini anba seksyon sila : lanèj, glas, boul kracha, elastik, zouti, wòch, boutèy, kenn, kosmetik, kreyon, plim oswa kaye. Gen anpil sityasyon kote zak voye a, ekszanp, si yon elèv tap voye yon kouto oswa yon eksplozif, sa tap yon Ofans tip III. Menm jan tou, si yon elèv voye yon objè nan entansyon lakòz blesi oswa pou enfliyansè oswa ekstòke lòt moun, sa tap yon Ofans Tip III.

### **3. Deranje Klas, sa enkli tou Aparèy Elektwonik**

Gen tip konpòtman ki deranje yon saldeklas. Pa ekszanp: Pale fò, refize chita nan yon chèz oswa nan yon biwo, pa pote kreyon, liv, papyè ak nenpòt lòt materyèl saldeklas esansyèl oswa pouse, deplase oswa frape founiti. **Sa ap enkli itilizasyon aparèy san fil tankou kamera, IPod, MP3, telefòn selilè, anrejistrè dijital.** Lè konpòtman sila yo deranje pwosesis edikasyonèl nan yon saldeklas oswa yon saldetid, ofisyèl lekòl yo dwe reponn nan fason ki preskri pa Kòd Konpòtman Elèv la.

4. **Sèvi ak yon telefòn selilè oswa yon Aparèy mobil pandan lè lekòl oswa nenpòt fonksyon lekòl la patwone ki sou pwopriyete lekòl la oswa andeyò pwopriyete lekòl la**

Elèv yo pa dwe sèvi ak aparèy mobil oswa telefòn selilè tankou MP3, IPOD, Smartphone, tablet pandan lè lekòl pou rezon ki pa akademik. Si elèv yo sèvi ak aparèy sa yo, administratè a ka konfiske aparèy la epi remèt li nan fen jounen epi avèti si ofans sa yo repete aparèy la ap konfiske pou yon mwa.

5. **Kite yon saldeklas san pèmisyon**

Gen anpil pwoblèm ki ka simonte lè elèv yo deyo zòn otorize pandan jounen lekòl. Pa ekszanp: risk blese, delenkans jivenil ak opòtinite pou destriksyon pwopriyete pèsònèl ak pwopriyete lekòl la.

Pou redwi chans ensidan sa yo rive, Kòd Konpòtman Elèv la trete antre nan zòn ki pa otorize ak kite lekòl tankou yon ofans disiplinè Tip I/Minè. Pou reponn bay ofans disiplinè sa yo, pèsònèl lekòl yo dwe sansib bay rezon ki fè elèv yo vle kite saldeklas oswa batiman a. Nan sans sa a, si elèv yo ap chèche chape pwoblèm akademik oswa ap eseye kita batiman an pou patisipe nan kèk konpòtman ki pa apwopriye, manm pèsònèl yo dwe analize ofans anba kategori sa a pou detèmine antesedan enplisit.

## **6. Refize idantifye tèt ou bay pèsònèl lekòl la**

Pou kenbe kontwòl ak konpòtman nan yon batiman, ofisyèl lekòl yo dwe gen pèmasyon pou konn idantite elèv yo. Kidonk, elèv yo gen pou obligasyon idantifye tèt yo lè yon manm pèsònèl lekòl la mande yo. Manm pèsònèl lekòl y opa dwe abize seksyon sa e mande elèv yo idantifye tèt yo jan yo vle. Se sèlman lèn yon manm pèsònèl lekòl la gen yon rezon ki valid pou konnen idantite elèv la, idantifikasyon sila ka ekszije.

## **7. Etenn limyè nan koulwa, nan saldeklas oubye eskalye**

Bi règleman sa a se pou evite blesi elèv ak pèsònèl ki ka rezilta etenn limyè san pèmasyon nan batiman yon lekòl. Evidaman, si elèv yo ap etenn limyè poutèt yo resevwa lòd yon manm pèsònèl pou montre yon fim oswa fè yon eksperyans syantifik, lè sa a aksyon an paka pini anba seksyon sa a.

## **8. Move izaj Pòt dantre ak sòti lekòl**

Tout pòt dwe bloke pa anndan e sèl pòt ki deziyen ap itilize pou antre ak sòti batiman lekòl la. Tout vizitè ki vle antre nan batiman lekòl la dwe antre pa pòt ki deziyen a. Ouvè nenpòt pòt lekòl pou vizitè ki pa otorize ap konsidere yon ofans disiplinè pou elèv yo. Pi plis, elèv ki antre oswa soti nan batiman lekòl la pa nenpòt ki pòt ki pa pòt dante ofisyèl lekòl la, ap komèt yon ofans disiplin. Elèv ki vinn lekòl an reta dwe antre pa pòt ki deziyen a. Elèv ki gen otorizasyon pou kite batiman lekòl la anvan lekòl lage, dwe siyen e soti pa pòt ki deziyen a.

## **9. Antre oubyen rete nan yon saldeklas, nan yon batiman lekòl la oubyen sou pwopriyete san yon rezon otorize**

Pèsònèl lekòl la dwe aktif nan evite elèv antre nan zòn ki pa otorize nan batiman oswa sou pwopriyete a. Si elèv yon an yon zòn ki pa otorize, yap mande yo ale. Si yo refize konfòme kò yo ak yon demann valid ak rezonab pou kite zòn ki pa otorize a, lè sa aksyon disiplinè anba seksyon sila ap apwopriye.

## **10. Bloke oswa Entèfere Sikilasyon nan Koulwa**

Elèv ki vyole seksyon sila si yo bloke oswa entèfere yon lòt jan ak sikilasyon lòt elèv oswa pèsònèl nan koridò. Gen yon konpòtman nan koridò yo, ki petèt ka sanble li entèfere yon tikal ak sikilasyon swa, pa vreman deranje aktivite lekòl la pou pèmèt pinasyon anda kòd Konpòtman Elèv la; toutfw, lè elèv entèfere materyèlman oswa deranje mouvman moun nan koridò anvan lekòl, nan mitan klas, oswa apre lekòl nan yon jan ki gen yon enpak sou pwosesis edikasyonèl lekòl la, lè sa a gen vyolasyon seksyon sa a, ekszanp si yon elèv entèfere ak



sikilasyon nan yon koulwa yon jan ki fè lòt elèv an reta pou klas pa yo. Ekszanp konpòtman nan kategori sila ta: pouse, fè tonbe, sal oswa patisipe nan chita-pale, mach oswa bòykòt ki deranje.

### **11. Afiche afeksyon inapwopriye**

Elèv yo gen responsabilite pou konpòte tèt yo nan yon jan ki mati epi responsabl lè yo lekòl ak sou kanpis la. Anba seskyon sa a, nenpòt mak afeksyon ki inapwopriye ki entèfere ak pwomasyon yon klima edikasyonnel san entèferans ak enteripsyon, ap adrese ak yon avètisman epi yon nòt bay paran/gadyen a. Avètisman bay elèv la ka vèbal men nòt bay paran/gadyen a dwe alekri.

### **12. Vyolasyon Règleman Inifòm la**

Elèv nan klas PK-12 dwe siv "Politik Inifòm Obligatwa Lekòl yo". Abiman elèv ka regile e elèv yo ankouraje abiye ak rad apwopriye ak sityasyon lekòl la. Restriksyon sou libète ekspresyon ka aplike lè mòd abiman a pa seki, deranje oswa kontrè ak lalwa. Pi plis, kote pratik relijye oswa kwayans oswa bezwen sante yon elèv an konfli ak sa ki e site piwo a, lekòl la ka fè akomodasyon rezonab anba demann ekri bay administratè a.

## TIP I/Minè Konsekans ak Entèvansyon

Kòd Konpòtman Elèv la dekri yon seri penalite ki ka enpoze si yon moun komèt yon ofans Tip I/Minè. Penalite nan seksyon sa a, tankou retrè nan klas ak sispanasyon, ki mande garanti pwosediral pap enpoze toutotan elèv la pa gen garanti sa yo. Grenn eksepsyon a se nan ka ijans ki parèt pita nan Kòd Konpòtman a.

Note konsekans ansanm ak **enstriksyan sanse ak gidans** (fidbak korektif ak aprantisaj) bay elèv yo opòtinite pou yo aprann de erè yo e kontribye bay kominote lekòl la.

Li enpòtan tou pou konnen, penalite ki dekri nan seksyon sa a pa ka sipase pa yon administratè nan ka yon ofans Tip I/Minè; toutfw, li evidan, administratè a gen diskresyon konsiderab nan adrese ofans Tip I/Minè yo. Disiplin pwogresif dwe antre an kont pou asire penalite a mache ak violasyon kòd la. Administratè a ka enpoze youn oswa plizyè penalite ki site pi ba yo:

- **Konferans elèv-pwofesè**  
Se yon opòtinite pou pwofesè a ranfòse konpòtman ki apwopriye nan saldeklas e pou diskite aksyon ki ka siiv yo si konpòtman an kontinye.
- **Yo ka retire elèv la nan kou si ofans la fèt nan kou a**  
Retrè nan kou diskite nan plis detay nan seksyon garanti pwosediral Kòd Konpòtman sa a ; men gen anpil limitasyon lalwa leta enpoze kap diskite nan seksyon sila a. An premye, lalwa leta di konsa elèv yo ka retire nan kou « sèlman lè yo lakòz deranjman serye nan pwosesis edikasyonèl anndan saldeklas la ». Kidonk, manm pèsònèl la dwe konnen se yon repons apwopriye pou ofans disiplinè Tip I/Minè sèlman lè yon elèv koze yon gwo deranjman pou saldeklas la. Ekszanp, li difisil pou imajine men, voye manje oswa lòt objè oswa etenn limyè se de ofans kote retrè nan klas la ap apwopriye. An dezyèm, lalwa leta di konsa retrè sa a pa dwe dire plis pase « tout pati nan grenn kou sa a ». Kidonk, lalwa leta di konsa retrè nan yon kou pou plis pase 90 minit se yon sispanasyon e li dwe dokimante nan PowerSchool.
- **Direktè a ka avèti elèv la epi voye yon avètisman bay paran yo**  
Ofans disiplinè Tip I/Minè ki fèt dwe resevwa yon avètisman bay elèv la ak yon nòt bay paran/gadyen yo. Avètisman an ka vèbal men nòt la dwe alekri. Administratè a dwe fè yon dosye pou ofans disiplinè a e li dwe kenben yon kopi nòt li te voye bay paran yo.
- **Administratè a ka sispann privilèj elèv la pou 3 jou maksimòm**

Sa se yon repons opsyonèl pou yon ofans disiplinè Tip I/Minè ki ap enpoze anba diskresyon administratè a. Pou seksyon sila, privilèj lekòl ap defini tankou aspè lavi nan lekòl ki pa enplike transpò nan bis, mange nan kafeteria oswa kou pou kredi akademik. Ekszanp privilèj sa yo ka : aktivite ekstraskolè, spò entèskolè, dans lekòl ak fim rekreyatif. Anvan penalite sa enpoze, elèv la dwe resevwa opòtinite pou korihe konpòtman li gras ak kontinyòm entèvansyon PBIS la. Si konpòtman an kontinye, elèv la dwe enfòmè sou rezon pou aksyon admnistratif sa yo e li dwe gen yon chans pou eksplike sityasyon a. Administratè/Manm ekip la paka reprann nenpòt rekonesans, tanjib oswa lòt prim elèv la te genyen anvan.

- **Administratè a ka rekomande elèv la bay konseye**  
Administratè yo dwe chèche ak anpil jefò pèmisyon paran ak elèv yo. Menm lè yon administratè lekòl pa dwe fè menas pinisyon ki pi di pou sekirize pèmisyon, yon elèv ak paran li ka reponn pozitif olye yo pèdi privilèj lekòl yo.
- **Administratè a ka bay elèv la detansyon**  
Detansyon se yon entèvansyon nan lekòl kote elèv yo gen ekszijans pase tan an plis nan lekòl. Yon detansyon an jeneral fèt nan yon peryòd apre fen jounen lekòl la oswa anvan lekòl komanse. Toutfwà, lòt lè ka sèvi tou tankou anvan jounen lekòl la, wikenn (tradsyonèlman relè lekòl samdi oswa detansyon samdi), aktivite espesyal ak rekreyasyon nan jounen lekòl tankou lench oswa sal titilè.
- Pou telefòn selilè ak lòt itilizasyon aparèy mobil, administratè a ka konfiske e remèt aparèy la nan fen jounen a. Ofans repete ap fini pa konfiskasyon aparèy la pou dire yon mwa.
- Lekòl endividyèl ka itilize konsekans adisyonèl ki baze sou pwosis aplikasyon PBIS yo.

**Penalite Règleman Inifòm: Wè paj 29**

## Ofans Disiplinè Tip II/Majè

Ofans Disiplinè Tip II/Majè se sa ki pi serye, pi danjere ak pi mechan pase ofans Tip I/Minè. Yon deskripsyon pi elabore pou chak grenn ofans disiplinè Tip II prezante pi ba a:

### 1. **Kopye ak plajya**

Nenpòt fòm kopyaj ak plajya pa akseptab. Move reprezantsayon devwa, ekszèsis nan klas, tès, rapò ak nenpòt lòt ekszèsis pa yon elèv, tankou se te pa yo ap konsidere tankou fòm kopyaj ak/oswa plajya. Konsekans kopyaj ap gen nati akademik sòf si ensidanslan repete, lè sa a sa mande aksyon disiplinè.

### 2. **Goumen**

Goumen se lè de oswa plis elèv angaje nan frape, bay kout pye, pouse, fè tonbe oswa nenpòt lòt jan ou eseye fè yon moun mal. Menm lè youn nan elèv yo pa "komanse goumen a", youn oswa plis elèv ka koupab goumen si yon ofri plis pase rezistans pasif kont sa ki komanse e yo eseye blese li. Elèv ki anba atak pa lòt elèv ka evite vyole seksyon sila pa ofri rezistans selman pou evite blese tèt yo.

### 3. **Defye yon demann valid yon manm staf lekòl la entansyonèlman**

Ofans sa a rele « Ensibòdinasyon ». Pou Kòd Konpòtman Elèv la, sa defini tankou defyans delibere oswa refi repete pou konfòme ak demann rezonab administratè, pwofesè oswa lòt pèsonèl. Ekszanp demann rezonab sa yo se : dispèse, idantifye tèt ou, chita, fè silans oswa rapòte nan zòn deziyen yo oswa nan sal nan pou disiplin oswa edikasyon. Okenn elèv ap koupab ofans sila pou refize konfòme ak yon demann yon ofisyèl lekòl kip a konekte ak responsabilite ofisyèl manm pèsonèl la. Toutfwam nenpòt lè elèv yo refize konfòme ak yon demann rezonab e valid nan kapasite ofisyèl manm pèsonèl la, yap koupab vyolasyon seksyon sila.

### 4. **Entansyonèlman menase yon lòt moun ak domaj fizik oswa domaj pwopriyete**

Elèv yo koupab vyolasyon seksyon sa a lè yo sèvi ak menas pou mete yon lòt moun nan perèz domaj fizik oswa domaj sou pwopriyete.

### 5. **Fòse lòt moun angaje nan konpòtman yo ka refize legalman**

Elèv vyole seksyon sa a lè yo fòse oswa enfliyanse lòt moun angaje nan konpòtman moun nan gen yon dwa legal refize. Kidonk, seksyon sa pa sèlman entèdi elèv fose lòt moun patisipe nan yon aktivite, men li entèdi elèv bloke oswa fose yon lòt elèv pou patisipe nan yon aktivite ki kont lalwa. Yon ekszanp se lè yon elèv fòse yon lòt bay repons

ekszamen. Oswa lè yon elèv fose yon lòt elèv pa patisipe nan yon aktivite pou premye elèv la ka gen plis chans genyen.

**6. Dirije langaj pwofan, vilgè oswa derespektan bay manm pèsònèl lekòl la oswa lòt elèv**

Menm lè, Kòd Konpòtman Elèv la bay repons apwopriye bay konpòtman ki deranje, Lekòl Piblik Bridgeport yo kwe li esansyèl pou elèv yo pa gen dwa ensilte ni degrade manm pèsònèl kidonk yon entèdi langaj pwofan abizif ki dirije bay manm pèsònèl.

**7. Twouble pwosesis edikasyon a nan nenpòt zòn ki pa yon saldeklas**

Elèv ki vyole seksyon sa a lè yon touble pwosesis edikasyon nan yon lòt zòn andeyò yon saldeklas, tankou: angaje nan konpòtman ki deranje nan yon koulwa ki deranje atmosfè aprantisaj nan plizyè saldeklas. Lòt zòn ta nan yon oditoryòm lekòl kote plizyè klas ta rankontre pou yon pwogram edikatif oswa yon bibliyotèk lekòl kote plizyè elèv ka ap li oswa etidye. Vyolasyon seksyon sa a deranje aprantisaj plis pase yon elèv jan lit a afekte yon saldeklas, pinisyon posib yo ap pi strik.

**8. Konpòtman asèlman, ki enkli konpòtman fizik, ekri, oswa vèbal, direje bay yon moun poutèt sèks, ras, gwoup etnik oswa preferans seksyèl li**

Elèv vyole seksyon sa a l konpòtman yo entimidan, ostil, defansif oswa ofansif. Si asèlman a enkli menas vyolans, lit a flagran e aksyon disiplinè tap reflekte severite a ; sa enkli tou asèlman apati yon aparèy elektwonik.

**9. Vòle, Domaje oswa defigire pwopriyete lekòl oswa pwopriyete lòt moun**

Elèv vyole seksyon sa a lè yo domaje, defase oswa pran posesyon pwopriyete lekòl oswa pwopriyete lòt moun, san pèmision pwopriyete a oswa moun ki gen posesyon legal pwopriyete a. Seskyon sa a entèdi pran pwopriyete lekòl oswa pwopriyete lòt moun atravè detounman fon oswa manti.

**10. Kraze Brize**

**a. Timoun (pi piti pase 18 lane)**

Paran/Gadyen timoun ki entansyonèlman koupe, defase oswa blese nenpòt jan, nenpòt pwopriyete pèsònèl ki pou distri lekòl la, ap responsab tout domaj nan pi gwo montan lalwa leta a aksepte. Responsabilite anba Eitati Jeneral Connecticut 52-572 pa retire responsabilite sou timoun pou domaj oswa blese ni retire responsabilite paran/gadyen pou domaj timoun yo koze. Paran/Gadyen timoun nan ap responsab tou pou tout pwopriyete ki pou sistèm lekòl la, timoun nan te prete e li pa remèt jan Distri lekòl la mande. Timoun nan ap sijè

tou a aksyon disiplinè.

**b. Granmoun (pi gran pase 18 lane) ki Kraze Brize**

Elèv majè ap pèsoneyman repsoonsab pou nenpòt domaj nenpòt pwopriyete reyèl oswa pèsonel, ki pou distri lekòl la. Elèv yo ka sijè a aksyon disiplinè.

**11. Vyole règleman evakyasyon nan ijans**

Elèv vyole seksyon sa a lè yo vyole règleman evakyasyon nan ijans pa pale, pouse, jete, fè moun tonbe, bloke pòt oswa liy koridò, fè zak ki etntèfere ak sikilasyon nan evalyasyon oswa kreye yon vag panik ki anpeche lòt moun tandè lòd pandan dife, oswa lòt ijans. Pwosedi evakyasyon satisfèzan esansyèl pou sekirite chak elèv nan lekòl yo.

**12. Kondit enpridan sou pwopriyete lekòl la nan pakin oswa lòt zòn ki akote lekòl la**

Se pa yon vyolasyon Kòd Konpòtman Elèv sèlman men yon vyolasyon Lalwa Leta pou kondwi yon veyikil motorize nan nenpòt jan ki enpridan nan yon wout, twotwa, zòn paking oswa lòt pwopriyete. Ekszanp sa yo: kondwi two vite, kous oswa inyore pasaj pou pyeton.

**13. Si yo jwenn ou ak nenpòt ekipman ki asosye nòmalman ak itilizasyon dwòg tankou papyè pou woule taba, Bong, klip, pip ak zegi**

Lè ekipman konsa nan posesyon yon elèv, yap bay lapolis li pou analiz. Si analiz la montre itilizasyon dwòg oswa posesyon, elèv yo ap chaje ako fans disiplinè Tip III.

**14. Kite batiman oswa pwopriyete lekòl la san pèmisyon**

Seksyon sila gen menm sousi ak Tip I/Minè #5. Kite saldeklas san pèmisyon. Nan kite batiman lekòl la san pèmisyon, elèv yo plase tèt yo an danje, e yo okmante opòtinite pou ddestriksyon pwopriyete pèsonel ak pwopriyete lekòl la.

**15. Angaje nan konpòtman seksyèl inapwopriye**

Elèv yo gen responsabilite pou konpòtè tèt yo yon jan ki mati ak apwopriye nan lekòl la ak sou kanpis lekòl la. Anba seksyon sila, konpòtman seksyèl inapwopriye define tankou konpòtman ki gen efè entansyonèl gen yon enpak negative sou klima edikatif la.

**16. Fimen sou pwopriyete lekòl la/ bis lekòl yo**

Lalwa Leta entèdi limenoswa pote sigarèt ki limen, sigam pip oswa nenpòt objè konsa nan nenpòt Zòn lekòl ak sou pwopriyete lekòl. Kòd Konpòtman Elèv la ranfòse lalwa leta pa entèdi elèv fmen nan nenpòt zòn lekòl ak sou pwopriyete lekòl. Lalwa leta ak Kòd Konpòtman Eleèv

la entèdi fimen nan bis lekòl. Se politik Lekòl Piblik Bridgeport yo pou pa gen fimen, sevis ak posesyon taba nan nenpòt fòm nenpòt kibò nan batiman, sou pwopriyete ak nan aktivite lekòl la patwone. Vyolasyon ofans Tip II/Majè sa a rive tou lè elèv posede alimèt, brikè oswa lòt objè ki pwomouvwa konbistyon e kip a gen izaj rezonab pou elèv lekòl.

Jan sa make nan Kòd Konpòtman Elèv la, tèm « posede » defini tankou kenbe, pote oswa stoke yon objè entèdi oswa yon sibstans nan oswa sou kò elèv, rad, chapò, valiz, bous, sakamen, malèt, kazyè, biwo, chèz, otomobil, bisiklèt, motosiklèt, liv, tablèt, plim, kreyon oswa nan nenpòt lòt jan posib.

## Pou Ofans Disiplinè Tip II/Majè Konsekans ak Entèvansyon

Kòd Konpòtman Elèv la dekri yon seri penalite ki ka enpoze si yon moun komèt yon ofans Tip II/Majè. Penalite nan seksyon sa a, tankou retrè nan klas ak sispansyon, ki mande garanti pwosediral pap enpoze toutotan elèv la pa gen garanti sa yo. Grenn eksepsyon a se nan ka ijans ki parèt pita nan Kòd Konpòtman Elèv la.

Note konsekans ansanm ak **enstriksyan sanse ak gidans** (fidbak korektif ak aprantisaj) bay elèv yo opòtinite pou yo aprann de erè yo e kontribye bay kominote lekòl la.

Li enpòtan tou pou konnen, penalite ki dekri nan seksyon sa a pa ka sipase pa yon administratè nan ka yon ofans Tip II/Majè; toutfw, li evidan, administratè a gen diskresyon konsiderab nan adrese ofans Tip II/Majè yo. Administratè a ka enpoze youn oswa plizyè penalite ki site pi ba yo:

- **Yo ka retire elèv la nan kou si ofans la rive nan kou a**

Gade diskisyon piwo a nan penalite pou ofans disiplinè Tip I/Minè ak seksyon sou garanti pwosediral

- **Administratè a ap mande yon konferans ak elèv la ak paran yo**

Anba Kòd Konpòtman Elèv la, yon administratè oblige mandeyon konferans paranal ak elèv la prezan nenpòt lè yon elèv komèt yon ofans Tip II/Majè. Konferans sa a pa dwe presede oswa ranplase lòt penalite ki enpoze pou ofans Tip II a. Bi konferans sa a se pou deeskale sityasyon a epi bay elèv la opòtinite pou li eksplike sityasyon a selon pwennvi pa'l. Administratè a dwe fè sa li kapab pou planifye konferans la yon lè ak yon kote ki bon ni pou paran/gadyen a ni pou elèv la.

- **Elèv la ap repare, retabli, oswa bay restitasyon pou nenpòt pwopriyete ki domaje oswa volè**

Prensip Jisti restoratif yo enplike tout sa ki gen yon pati spesifik nan ofans la pou idantifye kolektivman e adrese mal ki fèt la ak bezwen epi obligasyon tout moun ki enplike pou geri epi korije sityasyon byen vit. Lekòl Piblik Bridgeport yo ankouraje administratè yo pou adopte ak enplemannte filozofi ak pratik jistis restoratif tankou zouti Adisyonèl pou adres move konpòtman elèv.

**Nòt :** Elèv yo dwe aprann konsekans konpòtman yo. Yon bon veyikil pou ranfòse responsablite sa a se pou ekszije elèv yo fè nenpòt sa yo



kapab pou pèt yo okazyone a poutèt yo vòlè oswa andomaje a, minimal. Tankou, lè yon elèv ap komèt yon ofans disiplinè Tip II/Majè, nan domaje oswa volè pwopriyete lekòl la oswa yon lòt moun, administratè a gen obligasyon etabli pwosedi pou pwopriyete a repare oswa restitue bay moun lan oswa lekòl la. Pwoblèm sa a ap dwe rezoud ant elèv la ak administratè a. Yo dwe tou chwazi yon tan rezonab pou reparasyon oswa restitasyon a.

### **Referans a Apendiks B pou plis klarifikasyon sou bi Jistis restoratif la.**

- **Administratè a ka asiyen sispansyon nan lekòl la.**  
Administratè a ap detèmine dire tan ki pou sèvi a.
- **Administratè a ka sispann privilèj elèv la pou jis 5 jou maksimòm**  
Kote yon Ofans Tip I/Minè ka bay yon deprivasyon privilèj pou jou, yon Ofans Tip II/Majè ka bay youn pou 5 jou. Anvan penalite sa a enpoze, elèv yo dwe enfòme sou rezon pou aksyon a e yo dwe gen opòtinite eksplike sityasyon a.
- **Administratè a ka egzije elèv al nan Detansyon**  
Detansyon ka enpoze nan diskreyon administratè a depi chaj yo site pou elèv yo e elèv yo gen opòtinite eksplike sityasyon a. Si detansyon a pap gen gwo enpak sou konpòtman elèv yo oswa nan move avantaj pou yon rezon ou yon lòt, tankou depandans sou transpò lekòl, lè sa a, administratè a ka refize enpoze detansyon. Toutfwa, li ka ekszije pou elèv la ekri yon rapò pou lekòl la nan komansman chak jounen lekòl.
- **Administratè a ka rekonmande elèv la pou konsèy nan kominote andeyò lekòl la**  
Administratè yo dwe ankouraje paran yo aktivman pou cheche sipò pou pitit yo nan kominote a poutèt yon elèv ka reponn favorabman bay seyans sikoloji.
- **Administratè a ka refere elèv la bay otorite lalwa, Staf sekirite lekòl la**  
Lè nan opinion administratè a, elèv la komèt yon zak kriminel, administratè a ka konsidere refere elèv la bay lapolis oswa pèsònèl sekirite lekòl la apre li esye voye elèv yo bay sipò ak sèvis nesèsè epi refere bay lapolis sèlman nan ka ki pi sevè yo.
- **Administratè a ka ranwaye elèv la oswa, nan ka ofans la repete, grav, flagran, ka refere elèv la pou ekspilsyon**  
Anba Kòd Konpòtman elèv la, sispansyon se yon pinisyon opsyonèl poy ofans disiplinè tip II e ka enpoze pa administratè a si le detèmine

konpòtman a te yon danje pou moun oswa pwopriyete oswa te yon deranjman pou pwosesis edikatif la ak si tout garanti pwosediral yo obsève an akò ak Estati Jeneral Connecticut 10-233(g):

Sispansyon dapre seksyin sila se sispansyon nan lekòl sòf si pandan odyans la dapre sibseksyon (a) seksyon sa a, (1) administrasyon a detèmine sispansyon elèv la poze yon danje pou moun oswa pwopriyete ou byen yon entèripsyon pwosesis edikasyonèl pou elèv sa si li ekskli lekòl pandan yon peryòd sispansyon, oswa (2) administrasyon a detèmine yon sispansyon an deyò lekòl apwopriye pou elèv sila baze sou evidans yon (a) pwoblèm disiplinn ki fèt deja e ki te mennen a sispansyon oswa ekspilsyon elev la epi (b) jefò administrasyon a pou adrese pwoblèm disiplinn sa yo pa lòt jan an deyò sispansyon an deyò lekòl oswa ekspilsyon, an kontan strateji sipò konpòtman pozitif.

Pou ofans ki repete, grav, flagran Tip II, direkè a gen opsyon adisyonèl refere elèv yo pou ekspilsyon. Referans sila ka fèt nan diskresyon administratè a depi tout garanti pwosediral yo respekte. Garanti pwosediral yo pou ekspilsyon pi elabore pase sa sispansyon yo. Tankou: elèv yo gen dwa yon nòt alekri ak tout chaj yo, yon pwosè fomèl devan Konsèy Edikasyon Bridgeport la oswa Ofisye li, kote elèv yo gen dwa keystone temwen e resevwayon desizyon alekri apre di jou. Yon referans pou ekspilsyon ap fèt selman ak akò Direktè Jeneral oswa moun li deziyen a. Plis detay sou pwosedi sispansyon yo nan komansman Kòd Konpòtman Elèv sila.

**Nòt :** Li pap toujou fasil pou detèmine lè yon ofans grav ni flagran. An jeneral, yon ofans tip II grav oubyen flagran lè li fèt san regapou sekirite lòt moun.

## Ofans Disiplinè Tip III/Distri

Ofans Disiplinè Tip III/Distri se yo kip e serye nan twa kategori ofans yo. Yo mechan e danjere e sijè a mezi entansif. Elèv ki komèt ofans sa yo ap sijè a yon sispanasyon pou di (10) jou lekòl e yap refere yo pou ekspilsyon. Tanpri refere a Seksyon Apendis B ak seksyon sou Devloppman Apwopriye ak laj la ak seksyon Jistis Restoratif la (Apendis C). Plis deskripsyon ap siv:

**1. Menase Staf oswa sèvi ak menas oubyen fòs pou fè lòt moun bay lajam oswa pwopriyete yon gen dwa posede.**

Sa se ekstòsyon. Lalwa leta defini sa tankou « gen pwopriyete atravè fòs oswa pa mete laperèz bab kò yon moun pou si pwopriyete a pa delivre, lap gen domaj fizik, domaj sou pwopriyete li oswa domaj sou repitasyon li » Eitati Jeneral Connecticut 10-233d.

**2. Sèvi ak fòs kont yon lòt moun pou vòle pwopriyete lekòl oubyen pwopriyete lòt moun**

Elèv an vyolasyon nepòt lè yo sèvi ak fòs pou vòle pwopriyete lekòl oswa pwopriyete lòt moun. Ka gen sityasyon kote administratè yo, nan diskresyon pay o ka deside ofans la pa rive nan nivo Tip III.

**3. Koze dife oswa yon eksplozyon ak entansyon domaje pwopriyete pèsònèl oswa lekòl la**

Elèv an vyolasyon seksyon sila lè yo komèt yon zak mete dife. Entansyon se yon eleman kritik nan pwouve ofans sila ; toutfw a si li baze yon preponderans evidans, ofisyèl lekòl la ka konkli dife oswa eksplozyon a fèt ak entansyon detwi oswa andomaje batiman a, lekòl la oswa pwopriyete pèsònèl, elèv yo ap pini anba seksyon sa a.

**4. Deklanche oswa rapòte yon fo alam ijans**

Elèv an vyolasyon seksyon sila lè yo deklanche alam la entansyonèlman oswa lè yo fè yon fo rapò oswa avètisman dife, eksplozyon, krim oswa nenpòt lòt ijans ki ekszije fèmèn oswa evakye lekòl la pou yon peryòd tan. Li pa nesèsè pou fèmèn ni evakye tout bon.

**5. Koze yon moun gen yon blesi grav**

Blesi grav se blesi ki mande pou moun blese a rate youn oswa ppls jounen lekòl pswa ki koze tanporèman oswa an pèmanans yon pwoblèm bay pi gwo fonksyon lavi. Atak fizik se gen kontak fizik entansyonèl ak yon lòt moun san konsantman yo e koze yon blesi pa fòs.

**6. Atak seksyèl oswa fizik kont yon manm staf lekòl la**

Anba seksyon sa a, elèv yo an vyolasyon lè : yo menase pou yo plase entansyonèlman oswa eseye plase yon manm pèsònèl lekòl la nan laperèz domaj sou pwopriyete yo oswa perèz blesi fizik pa fòs oswa lòt

kontak fizik ak yon manm pèsònèl la ak entansyon fè mal.

**7. Angaje nan konpòtman vyolan ki entansyonèlman oswa poutèt enpridan, koze aksidan fizik oubyen domaj sibstansyèl pou yon pwopriyete**

Konpòtman Vyolan enkli pwoteste oswa angaje nan goumen oswa lòt konpòtman ki menasan nan lekòl la. Konpòtman nan nati sa yo konsidere enpridan si yo ka lakòz bles fizik oswa gwo domaj sou pwopriyete menm si elèv la pa gen entansyon koze blesi fizik ni domaje pwopriyete.

**8. Asèlman Seksyèl kont yon lòt moun**

Asèlman Seksyèl se asèlman ak nati seksyèl sou yon lòt moun oswa nenpòt zak seksyèl ki fèt san konsantman. Refere bay Estati Eta Connecticut sec 53a.-70, 53a-71, 52a-72a, e 53a-73a.

**Politik Asèlman Seksyèl Elèv/pèsònèl.**

**9. Brimad**

Brimad se nenpòt fòmmove tretman fizik, vèbal ak/oswa emosyonèl, abi ak/oswa asèlman yon elèv an koneksyon ak patisipasyon oswa manm yon ekip atletik entèskolè oswa nenpòt aktivite lekòl la patwone ak/oswa fòse, enfliyanse oswa entimide nenpòt elèv pou patisipe nan nenpòt aktivite ki ilegal oswa inapwopriye an koneksyon ak patisipasyon elèv la. Brima entèdi nan jounen oswa sezon lekòl la avan ni apre.

**Politik brimad**

**10. Vann, Bay, posede ak entansyon pou vann oubyen pou bay yon moun nenpòt ki sibstans kontwole oswa dwòg,**

Posesyon non otorize yon sibstans kontwole, wòg ilegaloswa alkòl kouvri nan enfraksyon sa a. Posesyon sèlman se yon OfansTip III e sijè a ekspilsyon. Administratè yo ka konsidere tou yon referans bay Konsèy Revizyon Jivenil la (JRB) kòm lòt entèkansyon.

**11. Posede oubyen transmit nenpòt amafe, kouto, eksplozif oswa lòt objè danjere**

Nenpòt zam oswa enstriman ki danhere ki nanposesyon yon elèv oswa ki sou pwopriyete lekòl la, nan bis lekòl oswa nenpòt aktivite lekòl la patwone, menm si se andeyò pwopriyete lekòl la ap otomatikman lakò di (10) jou ranvwa e referans obligatwa pou ekspilsyon.

### Tip III/ Majè Konsekans ak Entèvansyon

Nan tout Ofans tip III, administratè a ap gen yon reyinyon ak ekip SRBI a pou evalye laj devlopman elèv la e detèmine konsekans apwopriye. Si elèv pa sanble li ka konprann aksyon li ak sa ki vinn avèk yo, administrasyon ap rekòmande yon konsekans ki apwopriye ak laj devlopman li. Pou elèv ki resevwa enstriksyon espesyalize oswa ki sanble yo bezwen enstriksyon espesyalize, yon PPT oswa yon Odyans detèminasyon Manifestasyon dwe fèt. Pou plis enfòmasyon sou sijè sa, ale nan:

<http://www.sde.ct.gov/sde/lib/sde/pdf/publications/edguide/anoteonmanifestationdetermination.pdf>

Men Konsekans pou Ofans Tip III :

- Elèv la a'p resevwa yon ranvwa pou di (10) jou
- Elèv la ka oblije repare, remèt oswa restitue pwopriyete damaje oswa volè.
- Administratè a ka refere elèv la pou ekspilsyon. Yon elèv ki fè menas oswa ki ensilte yon manm pèsònèl la ka refere pou ekspilsyon e asyen bay yon lòt lekòl.
- Elèv la a'p refere bay sekirite lekòl la ak/oswa lalwa an ankò ak MOA.
- Elèv la a'p refere bay sèvis sosyal apwopriye lè dwòg ak/oswa alkòl prezan.

## Pwosedì pou Ekspilsyon

Yon elèv pa ka ekspilse apre yon odyans devan Konsèy Edikasyon oswa ofisye li. Direktè Jeneral la oswa moun li deziyen an dwe dakò ak nenpòt referans pou ekspilsyon. Yon elèv ka ekskli nan yon lekòl pandan peryòd odyans la. Men an akò ak Estatè Jeneral Connecticut, sispansyon sa a paka dire pi plis pase dis (10) jounen lekòl.

Kòd Konpòtman Elèv la etabli Konsèy Edikasyon a oswa ofisye li yon odyans ekspilsyon nan di (10) jou apre referans pou ekspilsyon a. Pa ted we lè sa a gen yon ka kote yon elèv sispann oswa ranvwaye pandan yon odyans epi tounen lekòl anvan odyans la fèt.

Pou plis sou pwosesis ekspilsyon a, ale nan:

[www.jud.state.ct.us/lawlib/law/school.htm](http://www.jud.state.ct.us/lawlib/law/school.htm). Refere a seksyon 10-233d

## Ofans Dwòg ak Zam

Dapre Estatè Jeneral Connecticut, elèv ki an posesyon zamafe sou pwopriyete lekòl oswa ki sèvi ak zam danjere oubyen mòtèl pou komèt yon krim oubyen ofri pou vant oswa distribisyon dwòg ilegal sou oswa andeyò pwopriyete lekòl sijè a yon referans obligatwa pou ekspilsyon. Konsèy Edikasyon a oswa Ofisye Odyans la ka modifiye dire ekspilsyon sou baz ka pa ka.

Zamafe enkli nenpòt zam oswa pati nan yon zam ki ka ekspilse yon pwojektil poutèt aksyon eksplozif sa enkli zam, pistolè, zam fasimil, Zam BB ak nenpòt aparèy destriktif ki enkli eksplozif oswa aparèy ki ensandyab, bonm, grenad, wockèt, fedatifis. Zam mòtèl ak danhere enkli nenpòt aparèy ki kapab lakòz lanmò oswa blesi serye e kip a apwouve pou izak nan lekòl, sa enkli kouto, fò zam, zam amasyal.


## Konsèvasyon Dosye

Li enpòtan pou dosye adekwa rete nan PowerSchool pou **tout** referans biwo yo, ak tout avètisman.

## Apendis A- Plan Sipò ak Entèkansyon pou Konpòtman Pozitif

Amelyore rezilta akademik ak konpòtman elèv yo se asire chak elèv gen aksè a pratik ak entèkansyon enstriksyonèl ak konpòtmantal ki pi efektif ak ekszak. PBIS se yon plan desizyon ki gide seleksyon, entegrasyon ak enplemantasyon pi miyò pratik ki baze sou evidans akademik ak konpòtmantal pou amelyore rezilta akademik ak konpòtmantal enpotan pou tout elèv.

An jeneral, PBIS mete aksan sou kat eleman entegre: (a) done pou desizyon, (b) rezilta mezirab ki sipote e evalye ak done, (c) pratik ak evidans ki montre rezilta sa you reyalizab epi (d) sistèm ki sipòte enplemantasyon efektif ak efisyan pratik sila yo.



### **Kat Eleman sa yo gide pa sis prensip enpòtan:**

1. Devlope yon kontinyòm entèkansyon ak sipò konpòtmantal ak akademik ki baze sou lasyans
2. Itilize done pou pran desizyon ak rezoud pwoblèm
3. Ranje anviwonman an pou anpeche devlopman ak okirans konpòtman a pwoblèm
4. Aprann ak ankouraje kapasite ak konpòtman pwo-sosyal
5. Enplemante pratik konpòtman ki baze sou evidans ak fidelite e responsabilite


6. Ekszamine inivèsèlman ak siveye pèfòmans tout elèv ak pwogrè kontini yo.

### Rezilta asosye ak Enplemantasyon PBIS enkli:

1. Mwen reyaktif, avèsif, danjere ak eksklizyonè ak
2. Pi angajan, responsif, prevantif ak pwodiktif
3. Adrese jerans saldeklas ak pwoblèm disiplinn (tankou prezans, reta, konpòtman antisosyal)
4. Amelyore sipò pou elèv ak konpòtman ki mande asistans espesyalize (tankou maladi emosyonèl, konpòtman, sante mantal) ak,
5. Pi enpòtan, makssimize angajman akademik ak achèvmman pou tout elèv.

Lekòl PBIS yo òganize pratik ak sistèm konpòtman ki baze sou evidans nan yon koleksyon entegre oswa yon kontinyòm kote elèv yo eksperimante sipò baze sou konpòtman repons yo a entèvansyon. Yon entèvansyon lojik an twa pati ekszije tout elèv resevwa sipò nan premye nivo (inivèsèl oswa premye nivo). Si konpòtman kèk elèv pa reponn, fò yo bay sipò pou konpòtman pi entansif, nan fòm kontenjans gwoup nan dezyèm nivo (sible oswa dezyèm nivo), oswa yon plan ki trè endividyalize nan nivo (entansif oswa nivo twa).

### Kontinyòm Sipò Konpòtman pozitif ak enstriktif nan Tout Lekòl





## Apendis B- Jistis Restoratif Sosyal

- Pwomouvwa gerizon pou tout pati ki afekte
- Bay yon opòtinite pou fè lapè
- Bay viktim la, manm kominote a, fanmi ak sa ki komèt zak yo fòs gras ak vwa yo e yon responsabilite komen pou jwenn rezolisyon konstriktif
- Adrese lakòz konpantman ofansif la
- Konstwi yon santiman kominote ak kapasite li pou rezoud konfli
- Pwomouvwa ak pataje valè
- Amelyore kilti lekòl
- Rann koupab yo responsab pou domaj ak lapenn yo koze kominote lekòl la
- Bay kominote lekòl yo resous imèn ki ka asiste yo an kenbe yon klima lekòl pozitif
- Detèmine yon santans restoratif oswa dispozisyon ki jis
- Bay yon opòtinite pou viktim la enplike dirèkteman nan diskisyon ofans la ak desizyon pou sanksyon apwopriye
- Ogmante konesans koupab la sou enpak konpòtman li e bali opòtinite pou pran tout responsabilite li
- Angaje responsabilite kolektif tout sistèm sipò koupab la pou fè lapè e fòme fiti konpòtman li
- Bay tou lè de koupab la ka viktim la chans pou yo rekonekte ak sistèm sipò kle nan kominote yo
- Pèmèt koupab yo konprann enpak ofans yo sou viktim yo ak kominote yo
- Bay viktim la yon zouti striktire, pozitif pou pataje eksperyans pèsònèl yo e edike koupab yo ak tout lòt moun sou konsekans ofans fizik emosyonèl ak finasye.
- Konstwi yon patenarya ak ajans sèvis ak kominote ki leve edikasyon kominote ak moun sou enpèk krim

**Kèk Ekszanp :** Sèvis kominote, medyasyon ant konpayon, terapi gwoup/fanmi

**Apendis C- Tablo Ofans Disiplinè ak Penalite**

<b>Konpòtman Tip I/Minè</b>	<b>Kontinyòm Konsekans</b>	<b>Divès Kalite Entèvansyon ak sipò Posib pou entegre</b>
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Fè blag ki andanje moun oswa pwopriyete</li> <li>2. Voye manje oswa lòt objè</li> <li>3. Deranje Klas, sa enkli tou Aparèy Elektwonik</li> <li>4. Refize idantifye tèt ou bay pèsonèl lekòl la</li> <li>5. Kite yon saldeklas san pèmision</li> <li>6. Etenn limyè nan koulwa, nan saldeklas oubye eskalye</li> <li>7. Antre oubyen rete nan yon saldeklas, nan yon batiman lekòl la oubyen sou pwopriyete san yon rezon otorize</li> <li>8. Dirije langaj pwofan, vilgè oswa derespektan bay nempòt manm staf lekòl la oswa lòt elèv</li> <li>9. Bloke oubyen entèfere ak</li> </ol>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Konferans Paran Elèv</li> <li>• Elèv la dwe soti nan saldeklas la (90 minit makssimòm)</li> <li>• Administratè a ka avèti elèv la epi voye yon avètisman bay paran yo</li> <li>• Administratè a ka sispann privilèj elèv la (3 jou maksimòm)</li> <li>• Administratè a ka bay elèv la detansyon</li> <li>• Pou tout itilizasyon selilè ak aparèy mobil, administratè a ka konfiske e retounen aparèy la nan fen jounen a ak yon avètisman pou di si sa rive plizyè fwa lap konfiske pou yon mwa</li> <li>• Lekòl endividyèl ka gen konsekans adisyonèl baze sou pwosesis enplemantasyon PBIS pa yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Aprantisaj Atant Konpòtman</li> <li>• Ogmante nivo rekonesans</li> <li>• Chèche kontre paran</li> <li>• Referans bay Sèvis Sipò lekòl (travayè sosyal, konseye, lòt)</li> <li>• Referans bay medyasyon</li> <li>• Referans bay Pwogram mantò</li> <li>• Referans bay Rezolisyon konfli</li> <li>• Devlope Kontra devlopman konpòtman endividyèl</li> <li>• Rapò pwogrè konpòtman a koutèm</li> <li>• Referans bay ekip Sèvis Kominote (ak konsantman paran)</li> <li>• Referans bay yon òganizasyon baze nan kominote a</li> </ul>

<p>sikilasyon nan koulwa yo</p> <p>10. Twouble kou, sa enkli men pa sèlman, aparèy elektwonik</p> <p>11. Afiche afeksyon inapwopriye (bo etc...)</p> <p>12. Vyolasyon Kòd vestimantè</p>		<p>(CBO)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Refrans bay Nivo 2/ Tchèkin/ Tchèkawout (CICO), si konpòtman a pèsiste.</li> </ul>
--	--	--

Tip Konpòtman II/Majè	Kontinyòm Konsekans	Divès Kalite Entèvansyon ak sipò Posib pou entegre
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kopye ak plajya</li> <li>2. Goumen</li> <li>3. Defye yon demann valid yon manm staf lekòl la entansyonèlman</li> <li>4. Entansyonèlman menase yon lòt moun ak domaj fizik oswa domaj pwopriyete</li> <li>5. Fòse lòt moun angaje nan konpòtman yo ka refize legalman</li> <li>6. Dirije langaj pwofan, vilgè oswa derespektan bay manm pèsonèl lekòl la oswa lòt elèv</li> <li>7. Twouble pwosesis edikasyon a nan plis pase yon saldeklas</li> <li>8. Konpòtman asèlman, ki enkli konpòtman fizik, ekri, oswa vèbal, direje bay yon moun poutèt sèks, ras, gwoup etnik oswa preferans seksyèl li</li> <li>9. Vòle, Domaje oswa defigire pwopriyete lekòl oswa pwopriyete lòt moun</li> <li>10. A. Timoun (pi piti pase 18 lane) ki Kraze Brize</li> <li>11. Granmoun (pi gran pase 18 lane) ki Kraze Brize</li> <li>12. Vyole règleman evakyasyon nan ijans</li> <li>13. Kondit enpridan sou pwopriyete lekòl la nan pakin oswa lòt zòn ki akote lekòl la</li> </ol>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Konferans Elèv-Pwofesè ak/oswa administratè-paran</li> <li>• Yap retire elèv la nan kou si ofans la rive nan kou a</li> <li>• Elèv la a'p repare, retabli, oswa bay restitasyon pou nenpòt pwopriyete ki domaje oswa volè</li> <li>• Administratè a ka mande sispannyon nan lekòl</li> <li>• Administratè a ka sispann privilèj elèv la (5 jou maksimòm)</li> <li>• Administratè a ka ekssije pou elèv la sèvi detansyon</li> <li>• Administratè a ka refere bay terapi kominote</li> <li>• Administratè a ka refere bay otorite lalwa, Staf sekirite lekòl,</li> <li>• Administratè a ka ranvwaye elèv la oswa, nan ka vyolasyon a lakòz "entèripsyon edikasyonèl serye" oswa nan ka ofans la repete, grav, flagran, ka rekonmande elèv la pou ekspilsyon</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Aprantisaj Atant Konpòtman</li> <li>• Ogmante nivo rekonesans</li> <li>• Chèche kontre paran</li> <li>• Referans bay Sèvis Sipò lekòl (travayè sosyal, konseye, lòt)</li> <li>• Referans bay medyasyon</li> <li>• Referans bay Pwogram mantò</li> <li>• Referans bay Rezolisyon konfli</li> <li>• Devlope Kontra devlopman konpòtman endividyèl</li> <li>• Rapò pwogrè konpòtman a koutèm</li> <li>• Referans bay CICO</li> <li>• Devlope Wout Konpòtman Fonksyonèl (FBP) ak/oswa Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA)</li> <li>• Referans bay ekip SRBI a</li> <li>• Referans bay ekip Sèvis Kominote (ak</li> </ul>

<p>14. Si yo jwenn ou ak nenpòt ekipman ki asosye nòmalman ak itilizasyon dwòg tankou papyè pou woule taba, Bong, klip, pip ak zegi</p> <p>15. Kite batiman oswa pwopriyete lekòl la san pèmision</p> <p>16. Angaje nan konpòtman seksyèl inapwopriye</p> <p>17. Fimen sou pwopriyete lekòl la/ bis lekòl yo</p>		<p>konsantman paran)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Referans bay yon òganizasyon baze nan kominote a (CBO) tankou Konsèy Revizyon Jivenil la (JRB)</li> <li>• Referans bay sèvis terapi pou abi sibstans</li> <li>• Referans bay ekip Planifikasyon ak Plasman (PPT) (si entèvansyon nivo 1 ak nivo 2 pa mache)</li> </ul>
--	--	--

<b>Konpòtman Tip III/Distri</b>	<b>Kontinyòm Konsekans</b>	<b>Divès Kalite Entèkansyon ak sipò Posib pou entegre</b>
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Menase Staf oswa sèvi ak menas oubyen fòs pou fè lòt moun bay lajam oswa pwopriyete yon gen dwa posede.</li> <li>2. Sèvi ak fòs kont yon lòt moun pou vòle pwopriyete lekòl oubyen pwopriyete lòt moun</li> <li>3. Koze dife oswa yon eksplozyon ak entansyon domaje pwopriyete pèsònèl oswa lekòl la</li> <li>4. Deklanche oswa rapòte yon fo alam ijans</li> <li>5. Koze yon moun gen yon blesi grav</li> <li>6. Atak seksyèl oswa fizik kont yon manm staf lekòl la</li> <li>7. Angaje nan konpòtman vyolan ki entansyonèlman oswa poutèt enpridans, koze aksidan fizik oubyen domaj sibstansyèl pou yon pwopriyete</li> <li>8. Asèlman Seksyèl kont yon lòt moun</li> <li>9. Brimad</li> <li>10. Vann, Bay, posede ak entansyon pou vann oubyen pou bay yon moun nenpòt ki sibstans kontwole oswa</li> </ol>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elèv la ap resevwa yon ranvwa pou di (10) jou</li> <li>• Elèv la ka oblije repare, restore oswa bay restitasyon pou pwopriyete domaje oswa volè</li> <li>• Administratè a ka refere elèv la pou ekspilsyon</li> <li>• Yon elèv kif è menas oswa ki ensilte yon manm pèsònèl la ka refere pou ekspilsyon e asyen bay yon lòt lekòl</li> <li>• Elèv la a'p refere bay lapolis oswa pèsònèl sekirite lekòl la an akò ak MOA</li> <li>• Elèv la a'p refere bay ajans sosyal apwopriye a lè dwòg ak/oswa alkòl enplike</li> <li>• Yon elèv an posesyon yon zam sijè a referans obligatwa pou ekspilsyon</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Aprantisaj Atant Konpòtman</li> <li>• Ogmante nivo rekonesans</li> <li>• Chèche kontre paran</li> <li>• Referans bay Sèvis Sipò lekòl (travayè sosyal, konseye, lòt)</li> <li>• Referans bay medyasyon/Rezolisyon konfli</li> <li>• Referans bay Pwogram mantò</li> <li>• Devlope Kontra devlopman konpòtman endividyèl</li> <li>• Rapò pwogrè konpòtman a koutèm</li> <li>• Referans bay ekip SRBI a</li> <li>• Devlope/Modifye Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA)</li> <li>• Devlope/Modifye yon Plan Entèkansyon pou Konpòtman (BIP)</li> <li>• Referans bay Sèvis Kominote</li> <li>• Referans bay yon òganizasyon baze nan kominote a (CBO)</li> <li>• Referans bay sèvis terapi pou abi sibstans</li> <li>• Referans bay sèvis</li> </ul>

<p>dwòg, 11. Posede oubyen transmit nenpòt amafe, kouto, eksplozif oswa lòt objè danjere</p>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Yon elèv an posesyon sibstans kontwole ak entansyon pou vann sijè a referans obligatwa pou ekspislyon</li></ul>	<p>Wraparound</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Referans PPT</li></ul>
--	---	--

## Apendis D- GLOSE

Nan bi konprann ak aplike règleman yo ak regilasyon administrative sou dwòg akalkòl, tèm k'ap siv yo defini :

1. **Administratè oswa deziyen**- yon anplwaye Konsèy Edikasyon a ki obligè gen yon sètifika entèmedyè administratè. Deziyen – Nenpòt anplwaye Konsèy Edikasyon a k'ap aji nan plas administratè.
2. **Alkòl**- Nenpòt likid entoksan. (Wè definisyon dwòg.)
3. **BIP**- Yon Plan Entèvansyon pou Konpòtman ki trè espesyalize pou yo elèv pou fasilite chanjman pozitif nan konpòtman.
4. **CICO**- Tchèkinn/Tchèkawout bay opòtinite pou komikasyon chak jou ant yon elèv ak pwofesè yo epi ant lekòl la ak paran yo ki sipòte elèv ki bezwen plis sipò nan konpòtman yo. CICO bay ranfòsman ak atansyon pozitif granmoun.
5. **Konfidansyalite**- Administratè lekòl, pwofesè, sikològ ak terapet, enfimyè ki tande pawòl konfidansyèl ka ou byen pa ka revele yo an akò ak Eitati Jeneral Connecticut 10-154a. Sepandan, si nan kominikasyon konfidansyèl sa yo, yo jwenn evidans fizik, evidans sa a dwe remèt bay yon administratè lekòl k'ap remèt li bay lapolis nan lespas twa jou. Sepandan, non elèv k'ap remèt evidans sa a pap revele an akò ak Eitati Jeneral Connecticut 10-154 (a), (b), (c) jan sa amande a. Konfidansyalite dwe konsève estrikteman. Moun ap idantifye bay sa ki gen bezwen konnen sèlman.
6. **Konfiskasyon**- Lè gen rezon pou kwè yon elèv an posesyon dwòg gen yon obligasyon sou bò pèsònèl lekòl la pou chèche ak konfiske dwòg sa yo. Rechèch ak konfiskasyon sa yo ka enplike kazye lekòl, machinn sou pwopriyete lekòl la, rad, bous, sak lekòl, liv ak lòt pwopriyete pèsònèl. Ap gen efò rezonab pou sekirize akò volontè elèv la pou rechèch la epi pou elèv la prezan lè rechèch la ap fèt. Tout dwòg kikonfiske ap remèt bay lapolis san rete tann, nan dire twa jou jan sa make nan Eitati Jeneral Connecticut 10-154c.
7. **Konsekans**- Rezilta aksyon yon elèv enpoze lè li pa siiv règleman ak pwosedi.
8. **Enstriman Danjere**: Nenpòt enstriman, atik oswa sibstans, ki anba yons eri sikonstans sèvi pou menase e ki kapab lakòz lanmò oswa blesi fizik



arie sa enkli yon veyikil jan mo sa define nan seksyon sila.

9. **Zam Mòtèl:** Nenpòt zam, chaje oswa dechaje, ki ka dechaje yon grenn kou oswa yon kouto chanjab, yon kouto gravite, oswa billy club, blakjak, blòdjòn oswa bras nòkol.
10. **Distribisyon-** Pou bay yon lòt moun posesyon, menm si se san konpansasyon.
11. **Dwòg-** Nenpòt bwason alkolik, sibstans kontwole, sibstans ilegal oswa medikasyon preskri elèv la pa gen preskripsyon yon doktè lisansye oubyen yon dantis.
12. **Ekipman pou Dwòg-** nenpòt objè oswa aparèy ki itilize, planifye pou sèvi oswa ki fèt pou utilize pou bwè, respire, enjekte ou byen entwodi sibstans kontwole nan yon kò imen (lam razwa, bong, pip, papye pou woule taba) oswa nenpòt objè oswa veso ki fèt pou sere, estoke, oswa distribye sibstans kontwole.
13. **Sispansyon Ijans :** Eksklizyon nan prezans ak privilèj yon lekòl toutotan ijans la eksziste pa plis pase twa (3) jounen lekòl konsekitif. Ijans se yon sitiyasyon konte prezanz kontinyèl elèv la nan lekòl la reprezante yon danje pou moun/pwopriyete oswa deranje pwosesis edikasyonèl la e yon odyans paka fèt anvan elèv la ekskli nan lekòl la.
14. **Ekspilsyon :** Eksklizyon nan prezans ak privilèj yon lekòl pou plis pase di (10) jou konsekitif. Refere a règleman Lekòl Piblik Bridgeport No.5131.
15. **FBA:** Yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl sèvi pou ranmase enfòmasyon pou konprann fonksyon (bi) konpòtman a pou ekri yon plan entèvansyon efektif.
16. **Zamafe :** Nenpòt zam kap e ki fèt pou oswa ki konvèti pou ekspilse yon pwojektif ak fòs, kad nenpòt zam sa yo, yon mòflè oswa silansye oswa nenpòt aparèy destriktif, enkli eksplozif, aparèy gaz pwazon, bonm, grenad, ròckèt plis pase 4 liv, misil plis yon ka liv, yon min plis pa yon demi pous diamèt.
17. **FWSN:** Petisyon Sèvis pou Bezwen Fanmi: yon referans pou tribinal jivenil ki bay yon baz pou reponn bezwen timoun ki montre move konpòtman tankou sove, absans ak defyans pou règleman lekòl.

18. **Odyans (administratif)**- yon reyinyon ak yon administratè lekòl kote chaj fèt epi tou gen yon opòtinite pou eksplikasyon.
19. **Odyans devan Konsèy Edikasyon a**- odyans sa a an jeneral se pou konsiderasyon pou yon rekonmandasyon pou ekspilsyon yon elèv (gade Eitati Jeneral Connecticut 10-233d).
20. **Pwogram nan lekòl**- nenpòt pwogram espesyal etabli pa lekòl la pou bay konpòtman ak terapi bay elèv ki an vyolasyon sa a ak lòt règleman lekòl.
21. **Sispansyon nan lekòl** : Pwosedi kote elèv la gen yon jounene an antye nan yon zòn andeyò rès elèv yo. Pandan eksperyan sila, elèv yo dwe sipèvizè e yo dwe gen travay pou yo fè. Ale nan Zak Piblik 10-111 ak Eitati Jeneral Seksyon 1-233C.
22. **Entèvansyon**: Strateji pou pwodwi chanjman pozitif nan konpòtman elèv.
23. **Otorite Anfòsman Lalwa** : Nenpòtajans federal, letam lokal legal ki otorize pou anfòse lalwa nan kominote a, eta a oswa gouvènman federal la.
24. **Odyans Detèminasyon**: se yon odyans (reyinyon) pou detèmine aksyon disiplinè apwopriye pou yon elèv ak andikap. Li dwe fèt anvan yon referans pou ekspilsyon oswa nenpòt chanjman nan plasman yon elèv k'ap resevwa enstriksyon espesyalize.
25. **Manifestasyon Zam Amasyal**: yon nunchaku, kama, kasari-fundo, octagon sai, tonfa oswa yon etwal chinwaz.
26. **MOA**: Memorandòm Akò se yon akò ant Lekòl Piblik Bridgeport yo ak Depatman Polis Bridgeport la pou ankouraje yon repons pi konsistan pou ensidan epi pou diminye nimewo referans oswa elèv nan tribinal ak etablisman règleman pou jere konpòtman ki deranje men ki pa ijans nan lekòl ak nan pwogram lekòl pa lekòl ak pèsònèl lapolis.
27. **Sispansyon Andeyò Lekòl**: Eksklizyon prezans ak privilèj lekòl pou yon peryòd deini pa plis pas di (10) jounen lekòl konsekitif. Chak jou sispansyon a se yon jounen absans. Règ sispansyon nan ak andeyò lekòl:  
[http://www.sde.ct.gov/sde/lib/pdf/pressroom/in\\_school\\_suspension\\_Guidance.pdf](http://www.sde.ct.gov/sde/lib/pdf/pressroom/in_school_suspension_Guidance.pdf)

28. **PBIS:** Sipò ak Entèvansyon pou Konpòtman Pozitif se yon sistèm apwòch nan tout lekòl pou disipline pwoblèm ki mete aksan sou prevansyon, enstriksyon sou kapasite sosyal, ak desizyon sou done pou diminye pwoblèm konpòtman epi amelyore pèfòmans akademik. PBIS se Entèvansyon ki Baze sou Rechèch Syantifik. [www.pbis.org](http://www.pbis.org).
29. **Posesyon-** nenpòt posesyon ilegal anba lalwa eta Connecticut (kenbe oswa mete bagay yon lòt moun sa enkli machinn, kazyè, sakado, pochèt, nenpòt dwòg oswa bwaso alkolik).
30. **PPT:** Ekip Planifikasyon ak Plasman a se yon kò ak pèsònèl lekòl ki pran desizyon, ki rankontre sou elèv ki gen oswa ki sanble yo gen andikap e ki eksjije edikasyon espesyal oswa sèvis ki relye.
31. **Direktè-** refere tou tankou administratè ki responsab batiman a, anplwaye yo, elèv yo ak/oswa aktivite ki relye ak lekòl.
32. **Aksyon pinitif-** yon pinisyon otorite lekòl yo an akò ak Eitati Jeneral Connecticut 10-233 ak règleman lekòl pibliye apwove pa Konsèy Edikasyon.
33. **Jistis Restoratif:** se yon jan pou reponn konfli ak pwoblèm pou kreye yon rezolisyon lojik ak balanse ki aliyen ak règleman lalwa.
34. **Ajans Sèvis Sosyal-** moun oswa ajans lokal, eta, prive, ajans ki bay asistans sikolojik oswa lòt sèvis sipò bay moun.
35. **SRBI:** Entèvansyon ki Baze sou Rechèch Syantifik se gwo kalite enstriksyon ak entèvansyon pou mache ak bezwen elèv yo epi ki sèvi ak vitès aprantisaj la ak tan epi nivo pèfòmans la pou pran desizyon edikatif pou entèvansyon fiti. [www.sde.ct.gov/sde/SRBI](http://www.sde.ct.gov/sde/SRBI).
36. **Ekip SRBI-** Ekip baze nan lekòl ki fè rekòmandasyon sou elèv yo refere bay ekip SRBI a baze sou done ki disponib pou detèmine enstriksyon ak sipò apwopriye epi pou siveye pwogrè elèv la. Nivo sipò yo enpleman pou ede elèv yo jwenn bon efisyans nan klas yo. Ekip la ka gen ladann pèsònèl lekòl sa yo: administratè, pwofesè, enfimyè, travayè sosyal, sikològ, konseye, ak manm Sant Sante Lekòl la.
37. **SY:** Ane Lekòl.
38. **Nivo 1/ Entèvansyon Nivo Inivèsèl:** Apwòch ki prevantif nan nati yo ki an plas pou sipòt konpòtman elev yo epi anpeche konpòtman yo vinn pi mal. Entèvansyon sa yo disponib pou tout elèv nan tout

anviwonman.

39. **Nivo 2/ Entèvansyon Nivo Gwoup Sib:** fèt pou sipòte elèv ki an risk devlope pwoblèm konpòtman ki pi mal epi ki pa reponn entèvansyon nivo 1 yo.
40. **Nivo 3/ Entèvansyon Nivo Endividyalize Entansif:** pou elèv ki pa reponn entèvansyon ni nivo 1 ni nivo 2. Yo enkli yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl ak yon Plan Entèvansyon Konpòtman.
41. **UE:** Absans ki pa ekskize. Tounen nan Règleman Prezans.
42. **lfilizasyon-** pou vale, enjekte oswa lakòz yon dwòg jwenn wout san oswa aprèy dijestif.

## Apendis E- Memorandòm Akò

### Pa ak Ant Lekòl Piblik Bridgeport yo ak Depatman Polis Bridgeport la

#### I. Entwodiksyon

Lekòl yo ak otorite lalwa yo pataje responsabilite pou sekirite lekòl kidonk yo dwe travay ansanm ak règleman ak pwosedi konplèmantè pou asire yon anviwonman aprantisaj seki. Dokiman sa a ekprime akò pati yo pou reponn ensidan ki pa ijans men ki entèwonp lekòl. Se pou asire yon repons konsistan pou ensidan move konpòtman, klarifye wòl otorite lalwa yo nan kesyon disiplin lekòl epi diminye enplikasyon lapolis ak ajans tribinal pou move konpòtman nan lekòl ak nan evènman an relasyon ak lekòl.

Pati yo dakò sou prensip k'ap siiv yo; se sou yo akò sa a fonde.

- A. Gwo majorite move konpòtman yo ka adrese pi byen nan saldeklas ak nan strateji nan lekòl epi kenbe yo klima pozitif nan lekòl yo nan plas enplikasyon kominote lajistis.
- B. Repons entèripsyon nan lekòl yo dwe rezonab, konsistan ak jis ak konsiderasyon apwopriye pou faktè tankou laj elèv la ak nati epi severite ensidan an.
- C. Elèv yo dwe responsab zak yo nan repons gradyèl pou move konpòtman ki bay yon kontinyòm sèvis epi sanksyon ki de plizanpli sevè pou move konpòtman ki pèsiste.
- D. Elèv ki pa bon yo dwe resevwa redireksyon apwopriye ak sipò resous nan lekòl ak nan kominote yo anvan konsiderasyon pou sispansyon, ekspilsyon, enplikasyon lapolis oswa referans bay tribinal
- E. Klarifikasyon responsabilite lekòl ak pèsònèl lapolis pou entèripsyon ki pa ijans nan lekòl ak evènman relye ak lekòl pwomouvwa meyè enterè elèv la, sistèm lekòl la, otorite lalwa ak tout kominote a nèt.

#### II. Bi Akò sila

Bi akò sila a se pou ankouraje yon repons ki pi konsistan pou ensidan epi pou diminye nimewo referans oswa elèv nan tribinal ak etablisman règleman pou jere konpòtman ki deranje men ki pa ijans nan lekòl ak nan pwogram lekòl pa lekòl ak pèsònèl lapolis

#### III. Kondisyon Akò

##### A. Somè Gwo Pwen yo

Pati yo dakò pou:

1. Kreye yon ekip Kolaborasyon Lekòl/Lapolis

2. Pataje akò sa ak yon kopi bay tout pèsonèl lekòl ak lapolis
3. Fè fomasyon anplwaye sou enplemantasyon akò sila a
4. Pratike repons gradyèl pou move konpòtman elèv
5. Siveye enplemantasyon akò sila a
6. Kolekte done epi evalye rezilta akò sila a
7. Modifite akò a jan sa dwe

## B. Faktè Kle

Pati yo dakò pou lè yo detèmine konsekans pou move konpòtman elèv faktè k'ap siiv yo dwe antre an konsiderasyon si enfòmasyon sou faktè yo disponib.

1. Laj, sante ak andikap oswa estati edikasyon espesyal elèv la
2. Konpòtman pase ak rapò konpòtman elèv la
3. Entevansyon pase
4. Anvi elèv la pou ranje mal la
5. Anvi paran an pou adrese pwoblèm idantifye yo
6. Gravite ensidan ak degre mal ki fèt la

Pati yo dakò lè y'ap detèmine konsekans pou move konpòtman elèv la, faktè k'ap siiv yo dwe antre an konsiderasyon:

1. Ras/etnisite, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon ak orijinn nasyonal elèv la ak fanmi'l.
2. Estati ekonomik elèv la ak fanmi'l.

## C. Modèl Repons Gradyèl

Entèkansyon nan Saldeklas: Pwofesè saldeklas la jwe yon gwo wòl nan gid, devlopman ak ranfòsman apwopriye kòd konpòtman elèv la epi sa rekonèt tankou premye liy pou enplemante kòd disiplin lekòl la. Nan ka sa a, modèl la komanse ak yon ekip teknik pou jere saldeklas ki dwe enplemante anvan lòt sanksyon oswa entèkansyon. Entèkansyon nan saldeklas jere pa pwofesè a pou konpòtman pasif ki pa danjere tankou vyolasyon inifòm ak vyolasyon règleman saldeklas. Ofisye Resous Lekòl yo (SROs) pa dwe enplike nan nivo.

Entèkansyon Administrasyon Lekòl: Entèkansyon nan saldeklas dwe sipòte pa yon moun ak otorite pou sispann, ekspilse oswa rekomande aksyon disipline epi ki ka adrese konpòtman ki pi serye oswa konpòtman repetitif ak konpòtman nan lekòl andeyò saldeklas. Ekszanp konpòtman sa yo nan nivo sa a enkli modèl repetitif, defèt pwopriyete lekòl, absans, menas ak konpòtman nan koulwa, twalèt, lakou ak bis lekòl. Opsyon Entèkansyon Administrasyon enkli nan Kòd Konpòtman Elèv la.

Evalyasyon ak Pwovizyon Sèvis: Lè konpòtman an ak bezwen elèv a mande yon pwosesis evalyasyon ak entèvansyon ak itilizasyon sèvis lekòl ak kominote jan sa apwopriye, Absans repete oswa defyans règleman lekòl ak konpòtman ki entèfere ak lòt tankou vandalis oswa asèlman, fè pati nivo sa a ansanm ak elèv ak move konpòtman ki ka benefisye pwovizyon sèvis sila a. Evalyasyon ak opsyon sèvis entèvansyon dwe enkli nan nenpòt Entèvansyon Saldeklas oswa Administrasyon Lekòl e ka enkli referans bay Konsèy Revizyon Jivenil RYASAP, lòt pwogram sèvis kominote, lòt pwogram spesifye, sispansyon, ekspilsyon oswa referans bay tribinal. Lapolis ka enplike nan wòl yo nan Konsèy Revizyon Jivenil la epi nan konsiltasyon ak Ofisye Resous Lekòl la. Ka Absanteyis ka refere bay Sant Prezans ak Absans la pou evalyasyon ak referans

Entèvansyon Otorite Lalwa: Se sèl lè tou bagay sa yo pa mache (oswa nan ijans) lekòl la dwe enplike lapolis, sa enkli SRO. Enplikasyon lapolis pa vle di arestasyon ak referans bay tribinal. Entèvansyon sa jere pa lapolis. Konpòtman yo nan nivo sa a dwe vyolasyon lalwa kriminèl men sèl apre entèvansyon saldeklas, administrasyon ak Evalyasyon epi Sèvis finn pase. Opsyon otorite lalwa ka enkli avètisman vèbal, konferans ak elèv, paran, pwofesè ak/oswa lòt, referans bay lòt pwogram spesifye, referans bay Konsèy Revizyon Jivenil oswa lòt ajans kominote ak referans bay tribinal.

#### D. Aktivite Lapolis Nan Lekòl yo

Pati yo dakò lapolis dwe siiv kèk pwotokòl lè yo sou pwopriyete lekòl nan sikontans ki pa ijans jan sa ekri pi ba a:

1. Lapolis a'p aji pa administratè lekòl yo lè yo planifye nenpòt aktivite sou pwopriyete lekòl.
2. Ofisye kap monte pwopriyete lekòl yo dwe konn potansyon entèripsyon pwosesis edikatif la ke prezans lapolis la ka koze
3. Avan yon antre nan yon lekòl pou kondi yon investigasyon, arestasyon oswa rechèch, ofisye yo ap konsidere nesesite aksyon sa baze sou:
  - a. Danje potansyèl pou moun
  - b. Posibilite destriksyon evidans oswa lòt pwopriyete
  - c. Abilite pou kondi investigasyon, arestasyon oswa rechèch lòt kote.
4. Lè y'ap mete elèv nan prizon:
  - a. Ofisye yo dwe fè jefò rezonab pou evite fè arestasyon oswa mete elèv nan prizon sou teren lekòl la.
  - b. Lè sa posib, elèv yo dwe an gadavi san lòt elèv pa wè ni tande
5. Ofisye Resous Lekòl yo pa responsab disiplin elèv oswa ranfòsman règleman lekòl. SRO yo a'p bay pèsonèl lekòl yo asistans. SRO yo a'p travay an kolaborasyon ak administratè lekòl la pou detèmine bi ak priyorite pou pwogram SRO a ak paramèt pou enplikasyon SRO yo na matyè disiplin lekòl.

#### IV. Koleksyon Done ak Siveyans

Pati yo dakò pou yo bay done pou baze konparezon epi kolekte, pataje, siveye ak rapòte done yo jwenn nan enplemantasyon akò sa a.

*Koleksyon Done-* pa mwa, enfòmasyon sa a ap kolekte

Lekòl- Nonm ak tip aksyon disiplinè, chif ak demograf elèv ki enplike, referans bay lapolis

Lapolis- Nonm ak tip ensidan lekòl lapolis rapòte oswa te kontakte.

Pou konparezon, pati yo dakò pou ranmase done sila yo pou yon ane anvan yo siyen akò ak epi chak mwa apre yo siyen akò a. Depatman Lapolis Bridgeport dakò pou veye ensidan spesifik sou tan patikilye pou detèmine tandans ak entèvansyon nesèsè sa enkli atak sou pwofesè ak lòt staf, atak seskyèl, volè etc... ak aksyon spesifik

*Siveye ap Sipèvizè-* regilyèman epi omwen chak mwa, pati yo rekonèt epi aksepte ekip kolaborasyon lekòl/Lapolis la dwe gen omwen de manm chak pati epi ap rankontre pou fè sipèvizyon akò a epi revize done ak analiz. Omwen chak ane, ekip la a'p prepare yon rapò aktivite epi a'p fè rekòmandasyon pou amelyorasyon akò a ak/oswa enplemantasyon li.

#### V. Dire ak Modifikasyon Akò a

Akò sila a'p efektif **1 Jiyè 2012** epi a'p rete an fòs jis lè li modifye ak konsantman pati yo. Akò a ka modifye nenpòt kilè pa yon amannman.

An fwa de kwa, pati yo, gen entansyon koopere youn ak lòt, yo siyen dokiman sa a jodia.



## Apendis F- Konfimasyon Resepsyon

### Lekòl Piblik Bridgeport Akò Elèv

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (Non elèv la an majiskil) resevwa e li Kòd Konpòtman Elèv la ("SCC") pou Lekòl Piblik Bridgeport. Mwen enfòmè sou dwa'm ak responsabilite'm anba SCC. Pi plis, mwen konprann zak move konpòtman'm oswa kondit inapwopriye'm ap fini pa entèvansyon ak konsekans jan sa make nan SCC a.

\_\_\_\_\_  
Siyati Elèv

\_\_\_\_\_  
Dat

### Akò Paran/ Gadyen

Chè Paran oswa Gadyen :

Lekòl Piblik Bridgeport kwe ou dwe enfòmè sou efò nou pou kreye ak kenbe yon anvwonman aprantisaj sen ak seki pou tout elèv. Tanpri li SCC epi siyen dokiman pi ba a pou rekonèt ou resevwa e konprann SCC a.

Mwen se paran oswa gadyen elèv ki nonmen pi wo a. Mwen resevwa e mwen li SCC a. Mwen konprann lè mwen siyen dokiman sa, mwen dakò pou sipòte e pwomouvwa bi SCC a e m'ap fè tout efò pou travay ak lekòl la pou rezoud tout pwoblèm disiplin.

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/ Gadyen

\_\_\_\_\_  
Dat